O`zbekstan Respublikası Xalıq ta`limi Ministirligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» kafedrası

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» qa`nigeliginin`
4 «a» kurs studenti

Seytniyazov Daulet

« MILLIY EKONOMIKANI RAWAJLANDIRIWDA XALIQ ARALIQ EKONOMIKALIQ QATNASIQLARDIN’ ROLI, A’H’MIYETI H’A’M ONIN’ ZA’RU’RLIGI »
temasındag`ı bakalavr

# *PİTKERİW QA`NİYGELİK JUMISI*

İlimiy basshı: dots. e.i.k.Torebekov A.

Kafedra baslıg`ı: dots. p.i.k.. Gaypova R.

No`kis - 2014

JOBASI:

Kirisiw ____________________________________________________3

I-Bap. Milliy ekonomikanı rawajlandırıwda xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardın’ roli, a’h’miyeti h’a’m onın’ za’ru’rligi

1.1 Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardın’ a’h’miyeti, qa’siyetleri h’a’m za’ru’rligi ___________________________________________5

1.2. Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardı esapqa alıw jolları__________________________________________________________14

II-Bap. Bazar ekonomikası sha’rayatında O’zbekstan Respublikasının’ xalıq aralıq ekonomikalıq baylanıslardag’ı birge islesiwi h’a’m rawajlanıw basqıshları

2.1 Respublikamız milliy ekonomikası h’a’m xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqları ________________________________________18

2.2. O’zbekstan Respublikasının’ xalıq aralıq ekonomikalıq baylanıslardag’ı birge islesiwi h’a’m rawajlanıw basqıshları izertlewi ___________________________________________________________24

JUWMAQLAW ________________________________________________52

PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR __________________________54

## Kirisiw

***Temanın' aktuallıg'ı.*** G'a`rezsiz O`zbekstang`a o`zinin` sırtqı siyasatın g`a`rezsiz ra`wishte o`tkiziw, du`nya ju`zi ha`mja`miyetine kiriwdin` o`zine ta`n ha`m say jolın islep shıg`ıw, ma`mleketler ara qatnasıqlarının` bag`darları ha`m prioritetliklerin belgilew imkanın berdi. «O`zbek rawajlanıw jolı» sotsiallıq bag`darlang`an turaqlı bazar ekonomikasın ju`zege keltiriw menen birge ashıq ekonomika jaratıw ha`m pu`tkil sırtqı ekonomikalıq xızmetti teren` reforma qılıwdı da ko`zde tutadı.

Jurtbasımız atap o`tkenindey, «O`zbekstan Respublikası ushın g`a`rezsiz sırtqı siyasat ju`rgiziw – ma`mleket xızmetinin` jan`a ha`m a`melde qollanılmag`an bag`darlarınan biri bolıp tabıladı[1]. G'a`rezsiz O`zbekstan sırtqı ekonomikalıq xızmet masshtabında «ashıq esikler» ha`m «o`z-ara ten` ma`pdarlıq» printsipi ilgeri qoyılıp, siyasiy struktura, ideologiyalıq ko`z-qaraslar, diniy yaki basqa sotsiallıq ha`reketlerge tiyislilik sıyaqlı belgilerge ko`re ekonomikalıq baylanıslardı ornatıw a`meliyatınan qatan` ra`wishte waz keshildi[2].

Ten` huqıqlı ha`m o`z-ara paydalı sırtqı ekonomikalıq xızmette sırtqı bazarlarg`a shıg`ıw geostrategiyalıq ma`plerin ju`zege shıg`arıw jolı bolıp, O`zbekstan o`z g`a`rezsizliginin` birinshi ku`nlerinen-aq usı printsipke a`mel qılıp kelmekte[3].

O`zbekstannın` milliy ma`plerine say keletug`ın ko`p ta`repleme aktiv sırtqı ekonomikalıq xızmetti a`melge asırıw – ma`mleketimiz g`a`rezsizligin bekkemlew, ekonomikalıq qıyınshılıqlardı joq etiw ha`m xalıq turmısınan jaqsılawdın` za`ru`r sha`rti ha`m za`ru`r quralı ekenligi menen belgilenedi.

Sonday-aq, ha`zirgi da`wir ku`n ta`rtibine qoyıp atırg`an wazıypalardan ko`rinip turıptı, respublikanın` du`nya ju`zi ekonomikalıq sistemasına integratsiyalasıwısız, sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı ken`eyttirmey turıp ha`m

---

[1] Karimov İ.A. «O`zbekstan: milliy g`a`rezsizlik, ekonomika, siyasat, ideologiya». T.: «O`zbekstan, 1992-38b.

[2] Qaran`: Mustaqillik: İzohli ilmiy-ommabop lwg`at. T: «Sharq», 2000,-80 b

[3] Milliy istiqlol g`oyasi: asosiy tushunchalar, tamoyillar, atamalar. T.: «Yangi asr avlodi», 2002.- 143 b.

en` za`ru`ri shet el kapitalının` qatnasıwısız O`zbekstan ekonomikasının` keleshektegi turaqlı rawajlanıwın ta`miynlew mu`mkin emes. Sonın` ushın da İslam Karimov: «Biz sırtqı ekonomikalıq xızmettin` du`nya ju`zinde qabıl qılıng`an ag`artıwshı formalarına tezirek o`tiwimiz...» lazım dep anıq-ra`wshan atap o`tken edi. İzertlewdin` aktuallıg`ı, bizin`she to`mendegi ta`repler menen belgilenedi:

Birinshiden, du`nya ju`zi ta`jiriybesi sonı tastıyıqlaydı, reformalardın` na`tiyjeliligi ha`m ulıwma alg`anda ma`mlekettin` ishki rawajlanıwı ma`mlekettin` sırtqı ekonomikalıq xızmetinin` na`tiyjeliligi ha`m iskerligi da`rejesi menen baylanıslı bolıp tabıladı.

Ekinshiden, milliy ekonomikanı rawajlandırıwda sırtqı ekonomikalıq xızmettin` tutqan ornı ha`m a`hmiyetin ashıp beriw za`ru`rliginin` barlıg`ı.

U`shinshiden, sırtqı ekonomikalıq xızmettin` bu`gingi ku`n talapları tiykarında sho`lkemlestiriw ha`m boljaw metodların ja`ne de jetilistiriw mashqalasın teren`irek u`yreniw za`ru`rligi ha`m basqalar.

***İzertlew maqseti..*** İzertlewdin` maqseti sırtqı ekonomikalıq xızmettin` rawajlanıwın ha`m usı protsesstin` Respublika g`a`rezsizligi jıllarındag`ı xızmetinin` tiykarg`ı bag`darların analiz qılıw ha`m perspektivasın belgilewge qaratılg`an usınıs ha`m pikirlerin islep shıg`ıwdan ibarat.

***İzertlew obekti.*** O`zbekstan sırtqı ekonomikalıq baylanıslar Agentligi sırtqı xızmet penen baylanıslı shet elli investitsiyalı ka`rxanalar izertlew obekti bolıp tabıladı.

## I-Bap. MILLIY EKONOMIKANI RAWAJLANDIRIWDA SIRTQI EKONOMIKALIQ XIZMETTIN' TUTQAN ORNI, A'H'MIYETI H'A'M ONIN' ZA'RU'RLIGI

### 1.1 Sırtqı ekonomikalıq xızmettin' a'h'miyeti, qa'siyetlerih'a'm za'ru'rligi

O`zbekstannın` ma`mleket g`a`rezsizligin qolg`a kiritiwi o`zbek halqının` mın` jıllıq tariyxındag`ı sapa jag`ınan jan`a betlerdi izertlewge imkan jarattı. Bu`gingi ku`nde respublikada sotsiallıq turmıstın` ba`rshe tarawlarında tu`p o`zgerisler payda bolmaqta, sotsiallıq qorg`alg`an bazar ekonomikası tiykarlang`an demokratiyalıq huqıqıy ma`mlekettin` tiykarı qoyıp berilmekte.

Usıg`an muwapıq jurtbasımız atap o`tkenindey, «...sırtqı ekonomikalıq xızmettegi ha`r bir qa`dem Watan ha`m halıq ma`pin ko`zde tutqan halda qoyılıwı, usı ma`p jolında xızmet qılıwı da`rkar[4]».

O`zbekstan Respublikasında ashıq ekonomikanı sho`lkemlestiriw du`nya ju`zi xojalıg`ına u`zliksiz baylanıwdı talap etedi. Bul bag`dardın` za`ru`r sha`rti ba`rshe ka`rxanalardın` sırtqı bazarg`a tikkeley shıg`a alıwlarında bolıp tabıladı.

XX a`sirdin` son`g`ı jıllarında ekonomikalıq rawajlanıwının` tu`p sapa o`zgerisleri halıq ara qatnasıqlarının` ha`zirgi basqıshtag`ı qa`siyetlerin belgilep berdi.

Birinshiden, halıq ara almastırıwdın` quramlı du`ziliwi sezilerli da`rejede o`zgerdi: ma`mleketler o`nimler almastırıwdan tısqarı ha`r tu`rli xızmetler, finans kapitalı, jumısshı ku`shi, pa`n-texnika mag`lıwmatları, jan`a texnologiyalar, basqarıw metodları ha`m basqalar menen aktiv sawda-satıq alıp barıwg`a o`tti.

Ekinshiden, kapitaldı shetke shıg`arılıwının` ku`sheyiwi ha`m ma`mleketler ortasında almastırıwdın` ken`eyiwi sırtqı ekonomikalıq xızmettin` ma`mleketler ara ku`sheyiwine alıp keledi.

Ha`r bir ma`mleket o`zinin` o`ndiriwshi ku`shlerinin` rawajlanıwına qarap

[4] Karimov İ.A. Faoliyatimiz vatan manfaatlariga xizmat qilsin. //Vatan sajdago8 kabi muqaddasdir. T.3. – T., 1996 – 128 b.

du`nya ju`zi bazarına ha`r tu`rli tovar ha`m xızmetler jetkizip beriwge qa`niygelesedi: sonday-aq, ekonomikası joqarı da`rejede rawajlang`an ma`mleketler halıq ara almastırıwda tiykarınan tayar o`nimler, xızmetler ha`m kapitaldı shet elge jetkizip berip, bir waqıttın` o`zinde o`zine kerekli ha`r tu`rli shiyki zatlar, arzan jumısshı ku`shin shetten alıp kiredi.

Ekonomikası rawajlanıp atırg`an ma`mleketler kerisinshe, shet elge tiykarınan mol bolg`an ekonomikalıq resurslardı jetkizip berip, o`zine jan`a texnologiyalardı, tayar o`nimlerdi ha`m pa`n-texnika mag`lıwmatların satıp aladı ha`m sırt el investitsiyalardı alıp keledi.

Ha`r qanday almastırıwdın` a`hmiyeti, onın` na`tiyjeliligi, sonın` ishinde halıq ara ko`lemde de, usı ekonomikalıq protsesslerden ta`repler alatug`ın paydalar menen o`lshenedi.

Adam Smit birinshi bolıp, qaysı ma`mleket o`z o`nimin basqa ma`mleketlerge qarag`anda kemirek qa`rejetler menen islep shıg`arsa, usı ma`mleket halıq ara almastırıwda qatnasıwı mu`mkin dep, tu`sindiredi.

Xeksher-Olinlardın` atap o`tiwinshe, bul ma`mleketler o`z o`ndirislerinde salıstırmalı u`lken ko`lemge iye bolg`an faktorlardı talap etiwshi o`nimlerdi u`stin da`rejede eksport qılıwg`a umtıladı, sebebi bul o`ndiris faktorının` salıstırmalı arzanlıg`ın biraz pa`s da`rejedegi sarpların ta`miynleydi ha`m onı jedel isletiwge alıp keledi.

Ba`rshe ma`mleketler bazar nızamları tiykarında rawajlanıp atırg`an ha`m ma`mleket aralasıwı keskin shegaralang`an ma`mleketlerde de ma`mleket erkin halıq ara almastırıw jolına ma`lim tosıqlar qoyadı ha`m bunday halat milliy ma`plerdi qorg`aw za`ru`rligi menen tu`sindiriledi. Bularg`a ma`mleket qorg`anıw qa`biletin ta`miynlew, ishki bantlikti asırıw, jan`a tarmaqlardı qorg`aw ha`m basqalar kiredi.

Ekonomikalıq ba`sekige shıdamlı bolg`an ma`mleketler de, bunday ba`sekige shıdamsız ma`mleketler de litsenziyalaw ha`m kvotalardı ornatıw, bajıxana bajıları ha`m tariflerdi kiritiw, o`nim sapası ha`m onın` qa`wipsizligin ta`miynlewshi standartlardı ornatıw ja`ne de sırtqı ekonomikalıq xızmetke ta`sir

etiwshi basqa bir qatar qurallardan ken` paydalanadı, usı arqalı o`z sırtqı siyasatların ju`rgizedi.

Sırtqı ekonomikalıq siyasat – bul milliy ag`ımdag`ı ha`m strategiyalıq maqsetlerge muwapıq sırtqı ekonomikalıq xızmet tarawında ma`mleket organları ta`repinen a`melge asırılatug`ın shara-ilajlar jıyındısı bolıp tabıladı.

Birde-bir ma`mlekettin` o`z milliy ekonomikasın shet el ba`sekisinen qorg`awg`a qaratılg`an ekonomikalıq siyasatı protektsionizm dep ataladı ha`m bul siyasattın` ayırım metodları halıq ara almastırıwdın` bir qansha erkinlesiwine qaramay, ba`rshe ma`mleketler ta`repinen qollanadı.

O`zbekstan g`a`rezsizlikke erisken da`slepki ku`nlerinen baslap du`nya ju`zi ta`jiriybesin ja`ne de milliy ekonomika rawajlanıwının` o`zine ta`n qa`siyetlerin esapqa alg`an halda o`z sırtqı ekonomikalıq xızmetin a`melge asırmaqta.

Ma`mleket rawajlanıwının` ha`r bir basqıshında onın` o`z aldına qoyg`an wazıypaları bar bolıp, ma`mlekettin` ekonomikalıq siyasatı bul wazıypalardın` orınlanıwına qaratılıwı kerek. Ma`mlekettin` sırtqı ekonomikalıq siyasatının` maqsetleri usı da`wirdin` o`zine ta`n qa`siyetlerine say keliwi kerek. Olar arasında en` za`ru`rleri to`mendegiler:

- ma`mlekette import ornın qaplaytug`ın tovarlardı o`ndiriwdi jergilikli resurslardan paydalang`an halda sho`lkemlestiriw;

- eksporttı rawajlandırıw ha`m onın` quramın tayar o`nimler esabına ko`beyttiriw;

- import quramın jetilistiriw, yag`nıy onı milliy o`ndiristi zamanago`ylestiriw ha`m ken`eyttiriwge qaratıw, jan`a texnologiyalardı o`ndiriske engiziw;

- o`ndiriwshi ku`shlerdi sapa jag`ınan jan`a basqıshqa ko`teriw ushın shet el investitsiyaların alıp keliw.

O`zbekstannın` ekonomikalıq qa`wipsizligin ta`miynlewge qaratılg`an shara-ilajlardı ko`riw.

Demek, jurtbasımız atap o`tkenindey: «Ekonomikalıq faktorlar O`zbekstannın` sırtqı siyasatında za`ru`r orın tutadı».

O`zbekstannın` sırtqı ekonomikalıq siyasatı anıq belgilengen maqsetler ha`m olardı a`melge asırıwg`a qaratılg`an tiykarg`ı ilajlardı o`z ishine aladı.

Birinshiden, respublika milliy ekonomikasının` ku`shli eksport buwının sho`lkemlestiriwshi ha`m onı du`nya ju`zi bazarında mu`na`sip orıng`a iye bolıwın ta`miynlewshi tarawlardı anıqlaw.

Ekinshiden, ekonomikanın` eksport buwınında ma`mleket ta`repinen qollap-quwatlaw metodlarınan ken` paydalanıw. bul metodlar to`mendegilerden ibarat:

- eksportqa bag`darlang`an o`ndiristi ken`eyttiriw ushın jen`illikli protsentler boyınsha ko`p mu`ddetli kreditler ajıratıw, mo`lsherlengen investitsiyalardı qamsızlandırıw;

- eksport qılıwshılarg`a milliy o`ndiris ha`m onın` sırt elli ba`sekileri o`ndiriwi qa`rejetleri ortasındag`ı parqtı qaplaw;

- ma`mleket ta`repinen respublikag`a aldag`ı texnologiyalar, ta`jiriybeler, bilimlerdin` kirip keliwine subsidiyalar ajıratıw;

- eksport ha`m importtı litsenziyalaw yaki shetke tovar shıg`arıwg`a ha`m shetten onı alıp keliwge ruxsatnamalar beriw;

- o`ndiris protsessinde isletiletug`ın ha`m shetten keltiriletug`ın shiyki-zat ha`m materiallar, a`spab-u`skeneler ha`m buyımlar u`lesin basqıshpa-basqısh kemeyttiriw ha`m basqalar.

Usı menen birge, sırtqı ekonomikalıq siyasat milliy valyutanı bekkemlew ha`m onı basqa valyutalarg`a erkin almasıwın ta`miynlewdi, ishki bahalardı du`nya ju`zi bazarı bahalarına jaqınlastırıw maqsetinde bahalar reformasın tamamlawdı, sırtqı ekonomikalıq xızmettin` normativ ha`m huqıqıy tiykarların halıq ara talaplar da`rejesine jetkiziwdi na`zerde tutadı.

O`zbekstanda sırtqı ekonomikalıq xızmettin` strategiyası ha`m bag`darları o`zinin` turmıs mu`ta`jlerinen, ma`mlekettin` qorg`anıw qa`wipsizligi ma`plerinen ha`m o`z halqının` turmıs da`rejesin asırıw maqsetlerinen kelip shıqqan halda belgilengen.

Sırtqı ekonomikalıq xızmetler sistemasında sırtqı sawda za`ru`r orın tutadı. Onın` bunday za`ru`r a`hmiyetke iye bolıwının` bir qatar sebepleri bar:

Birinshiden, milliy tovar o`ndiriw ha`m almastırıw, sonnan, sırtqı sawdanın` jedel rawajlanıwı;

Ekinshiden, bazar ekonomikasına ta`n bolg`an ayrıqsha o`ndiris tarmaqlarının` tegis emes rawajlanıwı;

U`shinshiden, bazar ekonomikasına iye ma`mleketler ta`n bolg`an o`ndiristin` payda alıw maqsetinde ba`rqulla ken`eyttiriliwi. Payda alıwg`a bolg`an umtılıw ha`m milliy bazarlardın` tarlıg`ı korporatsiyalar, kompaniyalar ha`m ka`rxanalarg`a o`z tovarların satıw ushın sırtqı bazarlarg`a shıg`ıw za`ru`rligin keltirip shıg`aradı.

O`zbekstan ushın sırtqı ekonomikalıq xızmet ha`m sırtqı sawda turmıslıq za`ru`rlik bolıp tabıladı. Sebebi, ishki finanslıq resurslardın` ha`m joqarı na`tiyjeli texnologiyalardın` defitsitligi, shetten kapitallar ha`m aldag`ı texnologiyalardın` kirip keliwi za`ru`rligin tuwdıradı.

Respublikanı du`nya ju`zi xojalıg`ı sistemasına aktiv qatnasıwı sırt ma`mleketler ha`m halıq ara sho`lkemler menen ekonomikalıq baylanıslardın` ornatılıwı TİFti basqarıw sistemasın qayta qurıwdı talap etti. Sebebi, O`zbekstan g`a`rezsizlikke eriskennen keyin, sırtqı ekonomikalıq qatnasıqlar tarawında g`a`rezsiz siyasat islep shıg`ıw ha`m onı a`melge asırıwg`a juwapker sho`lkemler du`ziw talap etildi.

O`zbekstan Respublikasında sırtqı ekonomikalıq xızmet ma`mleket ta`repinen ta`rtipke salınadı. Bunın` ushın aldın-ala bul iskerliktin` nızamshılıq negizin qa`liplestiriw, onı rawajlang`an ma`mleketlerde a`mel qılıwshı nızamshılıqqa barg`an sayın muwapıqlastıra barıw o`te za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Ha`zirgi sha`rayatta sırtqı ekonomikalıq faktor ha`r bir ma`mleket ekonomikasının` rawajlanıwında ha`m bekkemleniwinde za`ru`r orın tutadı. Ol a`sirese, g`a`rezsiz rawajlanıw jolınan barıp atırg`an O`zbekstan ushın ayrıqsha a`hmiyetke iye.

Ha`r qanday ma`mleket ushın halıq ara almastırıwdın` a`hmiyeti birinshiden, halıq ara miynet bo`listiriwi ha`m basqa ma`mleketlerge salıstırg`anda o`ndiris

sarpları pa`srek bolg`an o`nim tayarlawg`a qa`niygelesiwi na`tiyjesinde alınatug`ın qosımsha payda menen belgilenedi. Qosımsha payda du`nya ju`zi ha`m ishki bahalar ortasındag`ı parqlardan quraladı. Ekinshiden, sırtqı ekonomikalıq qatnasıqlardı jolg`a qoyıw ha`m erkinlestiriw arqalı en` jan`a texnologiyalar, basqarıw metodları, shet el investitsiyaları ha`m basqalardan paydalanıladı. Bul bolsa milliy ekonomikanı ja`ne de tezirek ko`teriwge ko`meklesedi.

Ha`zirgi payıtta O`zbekstannan sırtqı ekonomikalıq xızmetinin` tiykarg`ı formaları to`mendegiler esaplanadı:

- tovarlar ha`m xızmetler sırtqı sawdası;
- investitsiyalar almastırıw (kiritiw ha`m shıg`arıw);
- jumısshı ku`shi eksportı ha`m importı;
- halıq ara ag`ımdag`ı birge islesiw;
- ilimiy-texnikalıq ha`m gumanitar birge islesiw.

Sırtqı ekonomikalıq xızmet esapqa alıw O`zbekstan Respublikasının` «Ma`mleket statistikası tuwrısında»g`ı Nızamına tiykarlanıp islep shıg`ılg`an ko`rsetpeler tiykarında alıp barıladı.

Sırtqı ekonomikalıq xızmet statistikası mu`lkshilik formasınan qatan` na`zer, sırtqı ekonomikalıq xızmet ju`rgiziwshi ba`rshe sho`lkemler ta`repinen ko`rsetiletug`ın ha`m Ma`mleketlik bajıxana organları ta`repinen tayarlang`an mag`lıwmatlar tiykarında alıp barıladı.

Ekonomikalıq xızmet na`tiyjelerin atap o`tiwde ha`m statistikalıq u`yreniwde operatsiyanın` sırtqı ha`m ishki xızmet ekenligin biliw za`ru`r a`hmiyetke iye. Bunın` ushın, operatsiya qatnasıwshıları qanday institutsion birlik (rezident yaki rezident emes) ekenligin anıqlaw lazım.

Xojalıq birliginin` rezidentligin belgilewde en` za`ru`r- tiykarg`ı o`lshem bolıp, ko`rip shıg`ılıp atırg`an ma`mlekettin` ekonomikalıq territoriyasında jaylasqan birliktin` ekonomikalıq ma`pdarlıg`ı orayı esaplanadı. Ma`mleket ekonomikalıq territoriyası – bul oray ma`mleket rezident birliklerdin` erkin xızmet ju`rgiziwi mu`mkin bolg`an territoriyalar kompleksinen ibarat. Halıq ara qag`ıydalarg`a ko`re rezident institutsion birlik dep, ekonomikalıq qızıg`ıwı

(ma`pi) usı ma`mlekettin` ekonomikalıq territoriyasına qaratılg`an birliklerge aytıladı.

Milliy esaplar sistemasında eksport – import operatsiyaların esapqa alıw payıtı etip tovarg`a iyelik huqıqı o`tiw waqtı belgilengen. Biraq, iyelik huqıqı waqtın a`meliyatta anıq belgilew qıyın bolg`anı ushın eksport-import operatsiyaların atap o`tiw waqtı ha`m ornı etip ma`mleket bajıxana shegarası belgilengen. Sırtqı ekonomikalıq xızmetti statistikasında da`slepki mag`lıwmatlar bolıp, tovardı deklarantlar ta`repinen bajıxanalıq ra`smiylestiriwde toltırılatug`ın bajıxana ju`k deklaratsiyalarında ko`rsetilgen mag`lıwmatlar esaplanadı. Tovarlar qunın A№Sh dollarında bahalawda operatsiya bolg`an waqıttag`ı O`zbekstan Respublikası Oraylıq banki ornatqan kursı boyınsha a`melge asırıladı.

Sırtqı sawda mag`lıwmatlardın` eksporter (importer) ka`rxanalardan alıng`anda, bazar ekonomikasında bul birliklerdin` ko`pligi sebepli ayırım mag`lıwmat jıynaw sarpları ko`beyip ketedi. Usı sebepli, halıq ara a`meliyatta sırtqı sawda statistikasın bajıxana statistikası tiykarında sho`lkemlestiriw usınıs etiledi.

Halıq ara a`meliyatta sırtqı sawda statistikasında tovarlar eksportı ha`m importı qunın say ra`wishte FOB (shegara) ha`m SİF (shegara) bahalarında esapqa alıw qabıl qılıng`an. Tovarlar eksportı ha`m importı operatsiyaların FOB (shegara) ha`m SİF (shegara) bahaları MXT metodologiyasında tiykarınan tovar o`ndiriwshi ma`mlekettin` bazar bahası esaplanadı. Bul qag`ıyda ba`rshe ma`mleketler ushın sırtqı sawda statistikasın ju`rgiziwde tiykarg`ı qag`ıyda sıpatında qabıl qılıng`an. Bul qag`ıydanı a`meliyatta qollanılg`anda sırtqı sawda esaplarında qayta- qayta esaplap bolmaydı. Bunnan tısqarı, usı qag`ıyda tiykarında ko`rilgen ma`mleketler sırtqı sawda statistikası tiykarında ma`mleketler aralıq sawda balansların du`ziw imkaniyatı tuwıladı.

Halıq ara miynet bo`listiriwinde xızmetler iskerliginin` rawajlanıwı ulıwma insanıy rawajlanıw ha`m pa`rwanlıqqa erisiwge imkan jaratadı. Usı sebepli, halıq ara xızmetler statistikasın sho`lkemlestiriw ha`m onnan paydalanıwdı biliw ekonomikanı ju`rgiziwde ha`m basqarıwda za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Xızmetler statistikası halıq ara a`meliyatta qabıl qılıng`an xızmetler klassifikatsiyası boyınsha toparlang`an halda atap o`tiledi. O`zbekstanda xızmetler statistikası ka`rxanalar statistikası tiykarında sho`lkemlestirilgen. Statistika organları ka`rxanalardan ha`r ay juwmaqlarına ko`re xızmetler eksportı ha`m importı tuwrısında mag`lıwmatlardı aladı. Ayırım xızmet tu`rleri oraylasqan halda ko`rsetiliwi mu`mkin. ma`selen, gaz ha`m neft o`nimlerin trubalar arqalı sırt ma`mleketlerge jetkizip beriw (transport xızmeti), gumanitar ha`m basqa xızmetler. Bunday xızmetler tuwrısındag`ı mag`lıwmatlar usı xızmetti orınlawshı organlardan alınadı. Bunnan tısqarı, ma`mleketler ara kelisiwge tiykarınan orılanatug`ın (temir joldan ha`m irrigatsiya shaqapshalarınan paydalanıw) xızmetler tuwrısındag`ı mag`lıwmatlar usı xızmetlerdi a`melge asırıwshı yaki xızmetlerden paydalanıwshı sho`lkemlerden alınadı.

Bajıxana statistikasının` ju`zege keliwi ko`p jaqtan sırtqı sawda statistikasının` rawajlanıwında za`ru`r rol oynaydı. Sebebi, onın` metodologiyalıq tiykarları halıq ara standartlarg`a ju`da` jaqın edi. Usı sebepli, sırtqı sawda statistikasın halıq ara standartlar tiykarında ja`ne de jetilistiriw maqsetinde Ministrler Kabinetinin` 1998 jıldın` qa` martındag`ı leu-sanlı qararına ko`re bajıxana statistikası sırtqı sawda statistikasının` sawda statistikasının` mag`lıwmat deregi sıpatında qabıl qılıng`an. Ha`zirgi ku`n de bajıxana statistikası joqarıda sanalg`an metodologiyalıq kemshiliklerdi esapqa almag`anda, sırtqı sawda statistikası ushın tolıq tu`rde mag`lıwmat bazası bola aladı.

Sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı ta`rtipke salıwdın` ba`rshe metodların olardın` mazmun-a`hmiyetine ko`re sha`rtli ra`wishte qosımsha ha`m tikkeley metodlarg`a bo`liw mu`mkin.

Qosımsha metodlarg`a – halıq aralıq almastırıwda qatnasıwshılardın` ekonomikalıq ma`plerine, yag`nıy da`ramatlar, payda mug`darı ha`m olardın` bo`listiriliwine, pitim sha`rtlerine, olardı o`tkiziw mu`ddetlerine ha`m basqa usı sıyaqlılarg`a qosımsha ta`sir etiwshi ekonomikalıq xarakterdegi metodlar kiredi.

Tikkeley metodlar – ma`jbu`riy ruxsat beriw – qadag`an etiw qa`siyetine iye bolıp, halıq aralıq almastırıwda qatnasıwshılardın` qattı ha`reketlerine qatan`

ta`rtipke salıp turıladı ha`m litsenziyalaw, kvotalaw, o`nimler bayanlaması, sırtqı ekonomikalıq xızmet qatnasıwshıların dizimge alıw, olardın` huqıq ha`m minnetlemelerin anıqlawshı nızamlı ha`m normativ hu`jjetlerdi qabıl qılıw ha`m basqa metodlar ja`rdeminde a`melge asırıladı.

O`zbekstan Respublikası ushın sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı rawajlandırıw o`ndiriwdi o`stiriw ha`m onın` na`tiyjeliligin asırıwdın` za`ru`r sha`rtlerinen biri esaplanadı. İlimiy texnika sha`rayatında o`nim ha`m tovarlardın` ba`rshe tu`rlerin bir ma`mlekettin` onda o`ndiriwdin` imkanı joq. Respublikamızdın` halıq aralıq miynet bo`listiriwi protsessine qosılıwı na`tiyjesinde sırtqı ekonomikalıq xızmettin` rawajlanıwın o`ndiriw na`tiyjeliligin asırıw, o`ndiris shıg`ımların kemeyttiriw, o`nim shıg`arıw ko`lemin ken`eyttiriw ha`m ma`mleketke valyuta tu`simin ta`miynlep beriwshi eksport potentsialın asırıw imkanın beredi.

Juwmaq qılıp aytqanda, sırtqı ekonomikalıq xızmetti rawajlandırıw, birinshiden, ma`mleketlerdin` ekonomikalıq potentsialınan na`tiyjeli paydalanıwg`a ken` imkaniyatlar ashıp beriledi. Ekinshiden, pa`n-texnika utıslarınan kollektiv paydalanıw, bul tarawda o`zine ta`n bazar ma`kanın ha`m ba`seki ortalıg`ın jaratıw arqalı jan`a texnologiyalardı intensiv jetilisiwine sha`rayat jaratadı. :shinshiden, ma`mleketler aralıq tatıwlıqtı, halıq aralıq qa`iwpsizlikti bekkemleydi.

## 1.2. Sırtqı ekonomikalıq xızmet tu’rleri h’a’m esapqa alıw jolları

Sırtqı ekonomikalıq xızmet milliy ekonomikanı rawajlandırıwda ha`m onın` na`tiyjeliligin asırıwda za`ru`r faktorlardan biri esaplanadı. Bul qatnasıqlardın` ta`siri ha`m tu`pkilikli na`tiyjesi bolg`an tovar ja`ne de xızmetlerdin` o`z-ara almastırıp keliniwi, milliy xojalıqlardın` bir-birine integratsiyalasıwına sonday-aq, halıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlarg`a kirisiwine sebep bolg`an. Usı qatnasıqlardın` qay da`rejede ekenligi ol bolsa bul ma`mlekettin` xojalıg`ı ha`m ondag`ı o`ndiriwshi ku`shlerdin` rawajlanıw da`rejesine baylanıslı bolg`an.

Du`nya ju`zi xojalıg`ı o`ndirisi ha`m onın` tiykarg`ı sha`rtlerinen biri bolg`an –milliy xojalıqlardın` rawajlanıwı, onın` du`nya ju`zi ha`mja`miyetine qosılıwı, aldın-ala territoriyalar aralıq xojalıq baylanısların jolg`a qoyılıwı ha`m rawajlanıwına imkan jaratsa, son` ala ha`r tu`rli tovar ha`m xızmetlerdi o`z mu`ta`jlerinen artıqsha o`ndiriwge ha`m na`tiyjede onı almastırıw za`ru`rligin keltirip shıg`aradı.

Ha`zirgi payıtta O`zbekstan sırtqı konomikalıq xızmetinin` tiykarg`ı formaları to`mendegiler esaplanadı:

- tovarlar ha`m xızmetler sırtqı sawdası;
- investitsiyalar almastırıw (kiritiw ha`m shıg`arıw);
- jumısshı ku`shi eksportı ha`m importı;
- halıq aralıq ag`ımdag`ı birge islesiw;
- ilimiy – texnikalıq ha`m gumanitar birge islesiw.

Sırtqı ekonomikalıq xızmet esapqa alıw O`zbekstan Respublikasının` «Ma`mleket statistikası tuwrısında»g`ı Nızamına tiykarlanıp islep shıg`ılg`an ko`rsetpeler tiykarında alıp barıladı.

Sırtqı ekonomikalıq xızmet statistikası mu`lkshilik formasınan qatan` na`zer, sırtqı ekonomikalıq xızmet ju`rgiziwshi ba`rshe sho`lkemler ta`repinen ko`rsetiletug`ın ha`m Ma`mleketlik bajıxana organları ta`repleri tayarlang`an mag`lıwmatlar tiykarında alıp barıladı.

Ekonomikalıq xızmet na`tiyjelerin atap o`tiwde ha`m statistikalıq u`yreniwde operatsiyanın` sırtqı yaki ishki xızmet ekenligin biliw za`ru`r a`hmiyetke iye. Bunın` ushın, operatsiya qatnasıwshıları qanday institutsion birlik (rezident yaki rezident emes) ekenligin anıqlaw kerek.

Xojalıq birliginin` rezidentligin belgilewde en` za`ru`r – tiykarg`ı o`lshem bolıp, ko`rip shıg`ılıp atırg`an ma`mlekettin` ekonomikalıq territoriyasında jaylasqan birliktin` ekonomikalıq ma`pdarlıg`ı orayı esaplanadı. Ma`mleket ekonomikalıq territoriyası – bul oray ma`mleket rezident birliklerinin` erkin xızmet ju`rgiziwi mu`mkin bolg`an territoriyalar kompleksinen ibarat. Halıq aralıq qag`ıydalarg`a ko`re rezident institutsion birlik dep, ekonomikalıq qızıg`ıwı (ma`pi) usı ma`mleketlerdin` ekonomikalıq territoriyasına qaratılg`an birliklerge aytıladı.

Milliy esaplar sistemasında eksport – import operatsiyaların esapqa alıw payıtı etip tovarg`a iyelik huqıqı o`tiw waqtı belgilengen. Lekin, iyelik huqıqı o`tiw waqtın a`meliyatta anıq belgilew waqtı ha`m ornı etip ma`mleket bajıxana shegarası belgilengen. Sırtqı ekonomikalıq xızmetti statistikasında da`slepki mag`lıwmatlar bolıp, tovardı deklarantlar ta`repinen bajıxanalıq ra`smiylestiriwde toltırılatug`ın bajıxana ju`k deklaratsiyalarında ko`rsetilgen mag`lıwmatlar esaplanadı. Tovarlar qunın AQSh dollarında bahalawda operatsiya bolg`an waqıttag`ı O`zbekstan Respublikası Oraylıq banki ornatqan kursı boyınsha a`melge asırıladı.

Sırtqı sawda mag`lıwmatlardın` eksporter (importer) ka`rxanalardan alıng`anda, bazar ekonomikasında bul birliklerdin` ko`pligi sebepli ayırım mag`lıwmatlar jıynaw sarpları ko`beyip ketedi. Usı sebepli, halıq aralıq a`meliyatta sırtqı sawda statistikasın bajıxana statistikası tiykarında sho`lkemlestiriw usınıs etiledi.

Halıq aralıq a`meliyatta sırtqı sawda statistikasında tovarlar eksportı ha`m importı qunın say ra`wishte FOB (shegara) ha`m SİF (shegara) bahalarında esapqa alıw qabıl qılıng`an. Tovarlar eksportı ha`m importı operatsiyaların FOB (shegara) ha`m SİF (shegara) bahaları MXT metodologiyasında tiykarınan tovar o`ndiriwshi

ma`mlekettin` bazar bahası esaplanadı. Bul qag`ıyda ba`rshe ma`mleketler ushın sırtqı sawda statistikasın ju`rgiziwde tiykarg`ı qag`ıyda sıpatında qabıl qılıng`an. Bul qag`ıydanı a`meliyatta qollanılg`anda sırtqı sawda esaplarında qayta-qayta esaplap bolmaydı. Bunnan tısqarı, usı qag`ıyda tiykarında ko`rilgen ma`mleketler sırtqı sawda statistikası tiykarında ma`mleketler aralıq sawda balansların du`ziw imkaniyatı tuwıladı.

Halıq aralıq miynet bo`listiriwinde xızmetler iskerliginin` rawajlanıwı ulıwma insanıy rawajlanıw ha`m pa`rawanlıqqa erisiwge imkan jaratadı. Usı sebepli, halıq aralıq xızmetler statistikasın sho`lkemlestiriw ha`m onnan paydalanıwdı biliw ekonomikanı ju`rgiziwde ha`m basqarıwda za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Xızmetler statistikası halıq aralıq a`meliyatta qabıl qılıng`an xızmetler klassifikatsiyası boyınsha toparlang`an halda atap o`tiledi. O`zbekstanda xızmetler statistikası ka`rxanalar statistikası tiykarında sho`lkemlestirilgen. Statistika organları ka`rxanalardan ha`r ay juwmaqlarına ko`re xızmetler eksportı ha`m importı tuwrısında mag`lıwmatlardı aladı. Ayırım xızmet tu`rleri oraylasqan halda ko`rsetiliwi mu`mkin. Ma`selen, gaz ha`m neft o`nimlerin trubalar arqalı shet ma`mleketlerge jetkizip beriw (transport xızmeti), gumanitar ha`m basqa xızmetler. Bunday xızmetler tuwrısındag`ı mag`lıwmatlar usı xızmetti orınlawsha organlardan alınadı. Bunnan tısqarı, ma`mleketler aralıq kelisiwge tiykarlanıp orınlanatug`ın (temir joldan ha`m irrigatsiya shaqapshalarınan paydalanıw) xızmetler tuwrısındag`ı mag`lıwmatlar usı xızmetlerdi a`melge asırıwshı yaki usı xızmetlerden paydalanıwshı sho`lkemlerden alınadı.

Bajıxana statistikasının` ju`zege keliwi ko`p jaqtan sırtqı sawda statistikasının` rawajlanıwında za`ru`r rol oynaydı. Sebebi, onın` metodologiyalıq tiykarları halıq aralıq standartlarg`a ju`da` jaqın edi. Usı sebepli, sırtqı sawda statistikasın halıq aralıq standartlar tiykarında ja`ne de jetilistiriw maqsetinde Ministrler Kabinetinin` l998 jıldın` el martındag`ı l37- sanlı qararına ko`re bajıxana statistikası sırtqı sawda statistikasının` mag`lıwmat deregei sıpatında qabıl qılındı. Ha`zirgi ku`n de bajıxana statistikası joqarıda sanalg`an metodologiyalıq

kemshiliklerdi esapqa almag`anda, sırtqı sawda statistikası ushın tolıq tu`rde mag`lıwmat bazası bola aladı.

O`zbekstan sırtqı sawda statistikasın du`ziwde bajıxana statistikasınan alıng`an mag`lıwmatlardan tısqarı, ma`mleket bajıxana shegarasınan o`tpeytug`ın tovarlar (oraylasqan altın, elektroenergiya ha`m gaz eksportı ha`m importı) tuwrısındag`ı mag`lıwmatlardan paydalanıladı. Bunın` ushın, statistika komiteti ha`r ay juwmaqlarına ko`re bul tovarlar eksporterları ha`m importerlarınan qosımsha mag`lıwmatlar aladı ha`m statistika mag`lıwmatlarında atap o`tedi.

# II-BAP. BAZAR EKONOMIKASI SHA'RAYATINDA O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASININ' XALIQ ARALIQ EKONOMIKALIQ BAYLANISLARDAG'I BIRGE ISLESIWI H'A'M RAWAJLANIW BASQISHLARI

## 2.1 Respublikamız milliy ekonomikası h'a'm xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqları

Bazar ekonomikasına o`tiw jag`dayında O`zbekstanda finans bazarın rawajlandırıw, olardın` xızmetlerin bazar talaplarına sa`ykes jetilistirip barıw ha`m du`nya ju`zilik finans bazarına integratsiyalanıw protsessinin` teren`lesiwine ayrıqsha itibar qaratılmaqta.

O`zbekstan ekonomikasına shet el kapitalının` keliw imkaniyatların belgilew ushın, da`slep, ishki finans bazarı bar bolg`an jag`daylarda ha`zirgi zaman du`nya ju`zilik finans bazarının` tiykarg`ı bag`darların anıq tu`sinip alıw lazım. Bunın` ushın milliy finans bazarlarının` du`nya ju`zilik finans bazarına integratsiyalanıwının` teoriyalıq ha`m metodologiyalıq tiykarların, obektiv za`ru`rligin ha`mde olardı jetilistiriw jolların u`yreniw za`ru`r.

Sırt el investorları, potentsial investorlar birinshi na`wbette payda alıwdan ma`pdar, biraq, investitsiyalar menen baylanıslı riskler olardı qatan` qa`weterge saladı. İnvestorlardı o`zine tartatug`ın tiykarg`ı faktorlar` rawajlang`an infrastruktura, isenimli ha`m mamanlı miynet resursları, da`ramat ha`m kapitaldı shet elge o`tkiziw, huqıqıy kepillikler, sonday-aq, sotsiallıq ha`m siyasiy turaqlılıq ka`bilerden ibarat.

Bu`gingi ku`nde tikkeley investitsiya ag`ımı payda alıwdın` jan`a imkaniyatlarına shaqqan ju`z tutadı ha`m sonın` ushın da, ol o`ndiris, is haqı potentsial miynet o`nimdarlıg`ına salıstırg`anda pa`s bolg`an orınlarg`a ko`shpekte.

Ma`mleketke shet el qarjıların TMK lar qushaq ashıp paydalanıwg`a tayar turg`an ishki bazardag`ı qa`wenderlik esabına emes, ba`lki aqılg`a muwapıq ekonomikalıq printsipler tiykarında tartıw za`ru`r bolıp tabıladı.

Valyuta mu`na`sibetleri – sırtqı sawda, ekonomikalıq ha`m ilimiy texnikalıq awqamlıq, sırt elge kredit ja`ne de qarızlardı beriw ha`m alıw, valyuta aktivlerin satıp alıw menen baylanıslı pitimlerdi a`melge asırıwda qatnasatug`ın valyuta menen baylanıslı mu`na`sibetler bolıp tabıladı.

Valyuta mu`na`sibetinin` ayırım elementleri – antik da`wirde №a`dimgi Gretsiya ha`m Qa`dimgi Rimde qarızg`a pul to`lewge berilgen til xat ha`m pul almastırıw tu`rinde payda bolg`an. Keyingi basqısh bolıp, Yapon, Antverpen ha`m Batsı Evropanı basqa sawda oraylarında «veksel yarmarkaları» rawajlanıwı menen ju`zege shıqqan. Bul da`wirde esap-kitaplar valyuta ja`rdeminde a`melge asırılg`an. Feodalizm da`wirinde ha`m kapitalistlik o`ndiris rawajlanıwında xalıq ara esap-kitaplardı a`melge asırıw dizimi bankler arqalı rawajlandı. O`tken a`sirge kelip bolsa xalıq ara mu`na`sibetler o`zinin` ulıwma jan`a ko`rinisin bastan keshirdi.

Sonday qılıp, xalıq ara valyuta mu`na`sibetlerinin` rawajlanıwı, o`ndiris ku`shleri rawajlanıwı, du`nya ju`zi bazarı sho`lkemlestiriliwi, xalıq ara miynet bo`listiriwinin` teren`lesiwi, du`nya ju`zi xojalıg`ının` quramlı du`ziliwi ja`ne de xojalıq mu`na`sibetleri erkinlesiwinin` na`tiyjesi bolıp tabıladı.

Valyuta mu`na`sibetleri qatnasıwshılarına to`mendegiler kiredi` ma`mleket (hu`kimet, oraylıq ha`m ma`mleket bankleri), xalıq ara sho`lkemler, yuridikalıq shaxslar (kommertsiyalıq bankleri, ka`rxanalar` import ha`m eksport qılıwshılar, birjalar) ha`m fizikalıq shaxslar (brokerler).

Zamanago`y sırtqı ekonomikalıq baylanıslarda, usı menen birge valyuta mu`na`sibetlerinde siyasat ha`m ekonomika, diplomatiya ha`m sawda-satıq, sanaat ha`m sawda uyg`ınlasıp baratırg`anlıg`ın baqlaw mu`mkin.

Xalıq ara valyuta mu`na`sibetlerinin` ma`mleket ta`repinen qa`liplestiriletug`ın huqıqıy-sho`lkemlestiriw tu`ri valyuta dizimi delinedi. Milliy, territoriyalıq ha`m du`nya ju`zi valyuta dizimlerin ajıratıp ko`rsetiw mu`mkin.

Milliy valyuta dizimi degende ma`lim ma`mleketti, basqa ma`mleketler menen pulı esap-kitapların a`melge asırıwda qollaytug`ın usılları, instrumentleri ha`m milliy organlarının` ulıwma jıyındısı tu`siniledi. Milliy valyuta dizimi

salıstırmalı erkin ha`m xızmet masshtabı milliy shegaralardan shıqsa da, ol ma`mleket pul-kredit diziminin` quramlı bo`legi seaplanaadı. Milliy ha`m du`nya ju`zi valyutalar dizimleri baylanısı ha`m rawajlanıwı olardın` elementlerinde sa`wlelenedi (2.1.1-tablitsa).

Territoriyalıq valyuta dizimi – milliy ha`m du`nya ju`zi valyuta dizimlerinin` aralıq elementi esaplanıp, ol ma`mleketler territoriyalıq toparı integratsiyasına xızmet qıladı. Bug`an
mısal qılıp, Evropa valyuta-ekonomikalıq awqamın keltiriw mu`mkin.

Du`nya ju`zi valyuta dizimi – bul ayrıqsha alıng`an milliy ekonomikanı du`nya ju`zi xojalıg`ı menen baylawshı mexanizm bolıp tabıladı. Xalıq ara kelisiwler, eki jaqlama ha`m ko`p jaqlama sha`rtnama ha`m aktler, du`nya ju`zi valyuta diziminin` huqıqıy tiykarın sho`lkemlestiredi.

Du`nya ju`zi valyuta diziminin` tiykarg`ı maqseti – eksport ha`m import ushın to`lewlerdi tovar, kapital, xızmetler ha`m basqa xızmet tu`rlerin a`melge asırıwda xalıq ara esap-kitaplardı sho`lkemlestiriw arqalı na`tiyjeli da`l-da`lshılıq qılıw, sonday-aq, xalıq ara miynet bo`listiriwin rawajlandırıw ushın ma`mleketler ortasındag`ı mu`na`sibetlerde qolay ortalıqtı jaratıwdan ibarat.

2.1.1-tablitsa

**Milliy ha`m du`nya ju`zi valyuta diziminin` tiykarg`ı elementleri**

| **Milliy valyuta dizimi** | **Du`nya ju`zi valyuta dizimi** |
|---|---|
| Milliy valyuta | Xalıq ara esap-kitap birlikleri valyuta zapasları |
| Milliy valyutanın` konvertirleniw sha`rtleri | Valyutalardın` o`z-ara konvertirleniw sha`rtleri |
| Milliy valyuta pariteti | Valyuta paritetin bir tu`rde qılıw ta`rtibi |
| Milliy valyuta kursının` ta`rtibi | Valyuta kursının` ta`rtibinin` reglamentatsiyası |
| Valyutalıq shegaranın` ha`m qadag`alawdın` bar-joqlıg`ı | Valyutalıq shegaralardın` ma`mleketler ara ta`rtipke salıw |
| Ma`mlekettin` xalıq ara valyuta likvidligin ta`rtipke salıw | Xalıq ara likvidligin ma`mleketler ara ta`rtipke salıw |
| Xalıq ara kredit almastırıw qurallarınan paydalanıwdı ta`rtipke salıw | Xalıq ara kredit almastırıw qurallarınan paydalanıw qag`ıydalarınan birlestiriw |
| Ma`mlekettin` xalıq ara esap-kitapların ta`rtipke salıw | Xalıq ara esap-kitaplardın` tiykarg`ı tu`rlerin birlestiriw |
| Milliy valyuta bazarı ha`m altın bazarının` ta`rtibi | Du`nya ju`zi valyuta bazarı ha`m altın bazarının` ta`rtibi |
| Ma`mleketti valyuta mu`na`sibetlerin basqarıwshı ha`m ta`rtipke salıwshı milliy kompaniyalar | Ma`mleketler ara valyutalıq ta`rtipke salıwdı a`melge asırıwshı xalıq ara sho`lkemler |

Du`nya ju`zi valyuta dizimi ja`rdeminde ekonomikalıq resurslardın` bir ma`mleketten basqasına ko`shiwi yaki kerisinshe, usı protsess shegaralanıwı, milliy ekonomika erkinligi shekleniwi yaki ken`eyiwi, ekonomikalıq mashqalalardı (ma`selen, jumıssızlıq, inflyatsiya) bir ma`mleketten basqasına «ko`ship o`tiwi» mu`mkin.

Du`nya ju`zi valyuta dizimi is ju`rgiziw ha`m ta`rtipke salıwdın` ayrıqsha mexanizmlerine iye ha`m du`nya ju`zi xojalıg`ının` global maqsetlerdi ko`zlesede, ol milliy pul ha`m territoriyalıq valyuta dizimleri menen teren` baylang`an.

Du`nya ju`zi valyuta dizimi xalıq ara pul mu`na`sibetleri sho`lkemlestiriliwinin` tariyxıy tu`ri bolıp, ol ma`mleketler ara sha`rtnamalar arqalı bekkemlengen.

Du`na` ju`zi territoriyalıq ha`m milliy valyuta dizimleri masshtabında to`mendegi finanslıq operatsiyalar a`melge asırıladı`

Ha`zirgi ku`nde operatsiyalardın` tiykarg`ı bo`legi bir bankten basqasına pul o`tkiziw, wa`killik esap-betler arqalı a`melge asırıladı. Bankler ara a`meliyatta LORO (siz bizde) ha`m NOSTRO (biz sizdikinde) esap-betleri bar.

- Kommertsiyalıq banklerinin` depozit-kredit dep atalıwshı, valyuta qarjıların tartıw ha`m jaylastırıw menen baylanıslı operatsiyaları.

Bul operatsiyalar – o`z-ara kreditlew, o`zine tartılg`an qarjılardı jaylastırıw, kreditlerdi ko`rsetiw, ra`smiylestiriw ha`m monitoring penen baylanıslı bankler ara operatsiyalar bolıp tabıladı.

- Sırtqı sawda operatsiyalarında xalıq ara a`meliyatta qabıl qılıng`an ha`r qıylı tu`rdegi esap-kitaplarda bank xızmetin ko`rsetiw;

- Altın ha`m fond instrumentleri (mu`lkshilik titulları, obligatsiyalar, ekilemshi finanslıq instrumentler ha`m t. b.) satıp alıw yaki satıp alıw maqsetinde finans bazarında a`melge asırılatug`ın operatsiyalar. Bul operatsiyalardın` ba`rshesi investitsiya maqsetlerinde, sonday-aq, shayqawshılıq yaki qamsızlandırıw maqsetlerinde a`melge asırıladı. Bankler usı operatsiyalardı o`z atınan yaki klient tapsırmasına ko`re a`melge asıradı;

- Kredit (debit) kartochkalarının` iyelerine xızmet ko`rsetiw menen baylanıslı

operatsiyalar;

- Bank xalıq ara transfertleri (dividend, protsent, pensiya to`lewi, aliment, sawg`alar, turistlerge xızmet ko`rsetiw ha`m t. b.) a`melge asırıw.

Zamanago`y valyuta dizimi, onın` da territoriyalıq (geografiyalıq jaqtan), ja`ne waqıt jag`ınan (azanlı-kesh islewshi valyuta bazarı) texnologiyalıq (mag`lıwmat texnologiyaları ha`m tarmaqlarının` birligi) globallasqanlıg`ı menen klassifikatsiyalanadı.

Zamanago`y valyuta diziminin` globallasıwının` o`zine ta`n ta`repleri to`mendegilerden ibarat`

- valyuta kursları ha`m protsent stavkalarının` ku`tilmegende ha`m keskin o`zgerisi menen klassifikatsiyalanatug`ın bazar mexanizmi;

- bir ta`repten, aldınnan ku`tilmegen waqıyalarg`a (neft orınları yaki Germaniyanın` birlesiwi sıyaqlı) tezde sa`ykeslesiwine za`ru`rlik, basqa ta`repten ma`mleketler hu`kimetlerinin` inflyatsion siyasat ju`rgiziwi ha`m ma`mleket qarızdarlıg`ı o`siwi siyasatınan kepillik beriwshi ma`lim xalıq ara ta`rtipke salıw instrumentların jaratıw.

Du`nya ju`zi valyuta diziminin` en` tiykarg`ı qa`siyeti sonda, ol ha`r waqıt o`zgerip, rawajlanıp turadı. Bul o`zgerislerdin` en` ulıwma sebepleri – du`nya ju`zi xojalıg`ın rawajlandırıwdag`ı xalıq ara awqamlıqtın` ku`sheyiwi, tovar o`ndiriw ha`m bazarlardın` erkinlesiwi bolıp tabıladı. Bu`gingi ku`nde onı ta`rtipke salıw mexanizmlerinin` udayı o`zgerisi ha`m valyuta diziminin` turaqlılıg`ı, valyuta diziminin` evolyutsiyası menen qanshalıq sa`ykes tu`siwine baylanıslı.

## 2.2. O’zbekstan Respublikasının’ sırtqı ekonomikalıq baylanıslardag’ı birge islesiwi h’a’m rawajlanıw basqıshları izertlewi

O`zbekstan Respublikası o`zinin` ma`mleketlik g`a`rezsizligine eriskeninen son`, du`nya ju`zi ha`mja`miyeti menen ekonomikalıq-finanslıq ha`m diplomatiyalıq qatnasıqlardı ornattı. Bul diplomatiyalıq qatnasıqlardın` negizinde sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı rawajlandırıwg`a da ayrıqsha itibar qaratıldı. Ha`zirgi ku`nde respublikada sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı rawajlandırıwdın` sho`lkemlestiriw-huqıqıy tiykarı jaratılg`an ha`m na`tiyjeli islep kelmekte. Usı ta`repten respublikada sırtqı ekonomikalıq xızmet boyınsha statistikalıq esaptı ju`rgiziw ha`m onı ja`ne de jetilistiriw za`ru`r ma`selelerden biri bolıp qalmaqta.

O`zbekstan suveren ma`mleket sıpatında ashıq ekonomikanı ju`zege keltiriw tarawında aktiv is alıp barmaqta. Ma`mlekettin` du`nya ju`zi xojalıq baylanıslarda, halıq aralıq miynet bo`listiriwinde ken` ko`lemde qatnasıwı ashıq tu`rdegi ekonomikanı payda etiwdin` tiykarı bolıp tabıladı. O`zbekstanda ekonomikalıq reformalar sotsiallıq bag`darlang`an bazar ekonomikasın qa`liplestiriwge qaratılg`an.

Ha`zirgi ku`nde O`zbekstannın` du`nyadag`ı 180 nen artıq ma`mleket ta`n aldı. Olardan derlik ba`rshesi menen diplomatiya qatnasıqları ornatıldı. O`zbekstan paytaxtında 30 dan artıq ma`mleketlerdin`, sonnan ullılıg`ı atap o`tilgen AQSh, Yaponiya, Germaniya, Ullı Britaniya, Frantsiya ha`m Qıtay sıyaqlı ma`mleketlerdin` elshixanaları islep turıptı. Ha`zir du`nyanın` 20 dan artıq ma`mleketinde (AQSh, Germaniya, Frantsiya, Turkiya, İndiya, Rossiya ha`m basqalarda) respublikamızdın` diplomatiya elshixanaları is basladı.

O`zbekstan Respublikası ko`p ta`repleme halıq aralıq ekonomikalıq birge islesiw sho`lkemleri xızmetinde qatnaspaqta. Birlesken Milletler Sho`lkeminin` ekonomikalıq ma`kemeleri, Du`nya ju`zi banki, Halıq aralıq Valyuta Fondı, Halıq aralıq finans korporatsiyası, Ekonomikalıq rawajlanıwg`a ko`meklesiwshi sho`lkem, Halıq aralıq miynet sho`lkemi, Du`nya ju`zi den-sawlıqtı saqlaw sho`lkemi sıyaqlı ha`m basqa abıray-itibarlı halıq aralıq finanslıq-ekonomikalıq

sho`lkemlerge ag`za bolıp kirdi ja`ne de olarda aktiv siyasat o`tkize basladı.

Ko`p g`ana halıq aralıq sho`lkemler – BMT, XVF, Du`nya ju`zi banki, Evropa tikleniw ha`m rawajlanıw banki, Evropa Awqamı Komissiyası ha`m basqa sho`lkemler respublikada o`zlerinin` territoriyalıq wa`kalatxanaların ashtı ha`m O`zbekstanlıq sherikler menen aktiv birge islesiw qılmaqta.

Halıq aralıq Valyuta Ffondı, Du`nya ju`zi banki, Halıq aralıq finans korporatsiyası qatnasıwında islep shıg`ılg`an ja`ne de, sonnan, respublikada kishi ha`m orta biznesti rawajlandırıwg`a ko`meklesiwshi bir qansha proektler, sonday-aq, ekonomikanın` en` ma`pdarlı tarawlarındag`ı proektlerdi finanslıq jaqtan ta`miynlew da`stu`ri a`melge asırılmaqta.

O`zbekstan Oraylıq Aziya ma`mleketleri menen birgelikte Turtsiya, İran ha`m Pakistan ta`repinen du`zilgen Ekonomikalıq birge islesiw sho`lkemine ag`za bolıp kirdi. Bul sho`lkem ko`leminde respublika halıq aralıq transport jolların birgelikte qurıw proektlerin islep shıg`ıw ha`m a`melge asırıwda aktiv qatnaspaqta. bul jollar O`zbekstang`a ten`iz portlarına, ma`mleketler ara transport tarmaqlarına, du`nya ju`zi tovar ha`m kapital bazarlarına shıg`ıw imkanın beredi.

1994 jıldın` iyun ayında O`zbekstan Tarifler ha`m sawda Bas Pitimi (GATT) nde baqlawshı statusın aldı. Bul sho`lkem du`nya ju`zi sawdasının` ha`zirgi sistemasın basqarıwda oraylıq orındı iyelep turıptı. Ha`zirgi waqıtta O`zbekstannın` GATT qa tola huqıqlı ag`za bolıp qosılıwı tuwrısındag`ı ma`sele u`yrenip shıg`ılmaqta. Eger bul ma`sele unamlı sheshilse, respublikamız bul Pitimnin` tola huqıqlı qatnasıwshıları bolmish lll ma`mleket penen sawda-satıq qılıw ushın bekkem huqıqıy tiykarlarg`a ha`m jen`illiklerge iye boladı.

O`zbekstannın` halıq aralıq sho`lkemler menen birge islesiwi de uzaq mu`ddetli, tag`ı qısqa mu`ddetli a`hmiyetke iye bolg`an en` za`ru`r wazıypalardı birge qosıw maqsetlerinen kelip shıg`ıp a`melge asırılmaqta.

Birinshiden, du`nya ju`zilik ekonomikag`a qosılıwdan ibarat bolg`an strategiyalıq integratsion wazıypa - O`zbekstandag`ı ba`rshe xojalıq subektlerinin` sırtqı du`nya menen o`z-ara baylanısları ushın ten` huqıqlı ha`m milliy ma`plerge say keletug`ın sha`rt-sha`rayatlar jaratıw tiykarında halıq aralıq valyuta-finans

ha`m sawda mexanizmlerine tikkeley qosılıw na`zerde tutıladı.

Ekinshiden, respublikanın` ag`ımdag`ı mashqalaların sheshiwge tikkeley ko`meklesiw, bar halıq aralıq ta`jiriybe tiykarında, joqarıda sanap o`tilgen ma`kemelerden finanslıq, texnikalıq ja`rdem ha`m ma`sla`ha`t alıw jolı menen o`tkizilip atırg`an reformalardı qollap-quwatlaw ko`zde tutılmaqta.

Respublikada sırtqı ekonomikalıq xızmet penen shug`ıllanıwı za`ru`r bolg`an ba`rshe ma`kemeler a`melde jan`adan payda etildi. Sırtqı ekonomikalıq xızmet baylanıslar agentligi, Sırtqı ekonomikalıq xızmet milliy banki, bajıxanalar xızmeti sho`lkemlestirildi. Ministrler Kabinetinde, ministrlikler ha`m organlarda, korporatsiyalar, kontsernler, birlespelerde ha`m jergilikli basqarıw organlarında tiyisli sırtqı ekonomikalıq bo`linbeler du`zildi ha`m jumıs alıp barılmaqta. Sırt elli birge islesiwshiler respublikada halıq aralıq sawda-satıq orayı du`zilmekte. Biz du`nyanın` bir qansha ma`mleketlerinde sawda u`yleri ashtıq. O`zbekstan menen A№Sh, Ullı Britaniya, Germaniya ortasında ja`ne de respublikamız benen aktiv birge islesiw qılıwdan ma`pdar bolg`an basqa ma`mleketler ortasında sawda-sanaat palataları payda etildi.

Reforma a`melge asırıla baslang`an payıttan berli, sırtqı ekonomikalıq baylanıslar qatnasıwshılarının` quramı ha`m du`ziliwi o`zgerdi. Respublikanın` eki mın`nan ko`birek xojalıq subekti, sonnan birlespeler, kontsernler, kishi ha`m jeke ka`rxanalar sırtqı bazarg`a shıg`ıw huqıqın aldı.

Sırtqı sawda menen bir qatarda sırtqı ekonomikalıq birge islesiwdin` basqa formaları da sezilerli da`rejede ku`sheyip barmaqta. Respublikada shet elli kapitallar qatnasıwında xızmet ju`rgizip atırg`an ka`rxanalar barg`an sayın ko`beymekte. Ha`zirgi waqıtta respublika territoriyasında dizimnen o`tkizilgen shet elli kapital qatnasıwındag`ı ka`rxanalar eteo dan astı (olardan 2209 xızmet ko`rsetpekte), 100 protsent shet elli kapital menen islewshi ka`rxanalar ll0 g`a jetti.

Ha`zirgi ku`nde da`stu`rli sherikler – "MDA ma`mleketlerinen tısqarı eksporttın` biraz g`ana bo`legi Turtsiya, Belgiya, Ullı Britaniya, Frantsiya, Gollandiya, Polsha, Koreya Respublikası, İndoneziya, Malayziya sıyaqlı ma`mleketlerge tuwrı keledi.

G`a`rezsiz Ma`mleketler Awqamına kirgen ma`mleketler menen tikkeley ha`m ko`p ta`repleme qatnasıqlardı rawajlandırıw sırtqı siyasatımızdın` prioritet bag`darlarınan biri bolıp tabıladı. O`zbekstan Awqam ideyasın qollap-quwatladı, onın` sho`lkemlestiriwshileri qatarına kirdi, jaqınlasıw ha`m kooperatsiya baylanısların bekkemlew tarawındag`ı jumıslardı janpazlıq penen a`melge asırmaqta. O`zbekstan Ekonomikalıq Awqam ma`kemeleri – Ma`mleketler aralıq ekonomikalıq komitet, Ma`mleketler aralıq bank ha`m basqa ma`kemelerdi qa`liplestiriwde ju`da` aktiv qatnaspaqta. Awqam masshtabında Rossiya, Ukraina, Belarus, Moldova ha`m "MDA dag`ı basqa ma`mleketler menen eki ta`repleme sırtqı siyasiy, sawda-ekonomikalıq ha`m basqa sha`rtnamalar ja`ne de pitimler imzalandı, bul hu`jjetler teren` o`z-ara ma`pdarlı birge islesiwdin` bekkem negizin ju`zege keltiredi.

"Mda ma`mleketleri menen ekonomikalıq qatnasıqlardın` quramı ha`m forması tu`pten o`zgerip barmaqta. O`zbekstannın` statusı barg`an sayın bekkemlenbekte. "MDA dag`ı ko`p g`ana ma`mleketler menen sawda-to`lew tarawında O`zbekstan unamlı saldog`a iye bolıp tabıladı.

Ha`zirgi waqıtta O`zbekstannın` "MDA dag`ı basqa ma`mleketler, aldın-ala Rossiya menen qatnasıqları, ol o`z-ara ma`pdarlı siyasat ju`rgizilip atırg`anlıg`ın anıq ko`rsetpekte. Respublikanın` "MDA ma`mleketleri menen na`tiyjeli birge islesiwge, halıqlarımız ortasında ju`zege kelgen ko`p ta`repleme ekonomikalıq, ma`deniy, ilimiy ha`m insanıy baylanıslardı jan`asha tiykarda bekkemlew ha`m rawajlandırıwg`a tayarlıg`ın tastıyıqlamaqta. Ministrler Kabineti qasındag`ı BMT (YuNİDO) menen birgeliktegi texnikalıq ja`rdem proekti masshtabında İnvestitsiyalarg`a ko`meklesiw xızmeti sho`lkemlestirildi. Bul ma`keme shet elli investorlarg`a investitsiya usınısları tayarlawda ja`rdem beredi. Halıq aralıq finans korporatsiyası ha`m Gollandiyanın` «ABN-AMRO banki» menen birgelikte qospa bank du`zildi. Sırtqı ekonomikalıq xızmet milliy banki Halıq aralıq finans korporatsiyası, Evropa tikleniw ha`m rawajlanıw banki ha`m Meybank (Malayziya) menen birgelikte qospa lizing kompaniyası payda etildi.

Sırt elli birge islesiwshi qatnasıwı menen respublikada «Wzdeuavto» ha`m

«Wzdeuelektroniks» (Koreya Respublikası), «Wzitalmotor» (İtaliya), «WzBAT» (Ullı Britaniya) aktsionerlik birlespeleri, toqımashılıq ka`rxanaları sıyaqlı ha`m basqa qospa islep shıg`ıwlardı payda etiwge tiyis proektler a`melge asırıla baslandı. Germaniya ha`m Koreya Respublikasının` firmaları qatnasında respublikanın` telefon tarmag`ın zamanago`y usılda jan`alawg`a kirisildi.

Ha`zirgi payıtta du`nya ma`mleketleri arasında du`zilip atırg`an ja`mi sawda pitimlerinin` ot protsenti Du`nya ju`zi Sawda Sho`lkemi basshılıg`ı astında du`zilmekte. Du`ya ju`zi Sawda Sho`lkeminin` shtab kvartirası Jeneva qalasında jaylasqan bolıp, onda 500 xızmetkerlerden l60 adam sawda-satıqtı rawajlandırıwdın` strategiyalıq bag`darların anıqlaw u`stinde isleydi.

O`zbekstan l992 jıl 30 aprelde ETRB ag`zası boldı ha`m Bank o`zinin` birinshi proektin ma`mleketimizde looe jılı a`melge asırdı. Bank O`zbekstang`a tiyisli 7 iri proekt ushın qarjı ajıratıp, ja`ne l3 proektti de finanslastırıwdı rejelegen. Usı proektlerdin` ja`mi qunı l,4 milliard AQSh dolları bolıp tabıladı ja`ne de ondag`ı ETRB u`lesi 723,8 million AQSh dolların quraydı. Ha`zirgi waqıtta, ja`ne qunı 320 million dollarlıq 8 proekt boyınsha da tayarlıq jumısları alıp barılıp atır. Usıg`an qosımsha ra`wishte, l8,72 million evrolıq 52 granttın` texnikalıq halatı da maqullandı.

O`zbekstanda a`melge asırılg`an 20 proekt arasında Fergana nefttti  qayta islew zavodı, Shortan neft-gaz ka`ni kompleksi, «Zarafshan-Nyumont», «Xorezm-Nurtan», «Kasansay-Tekmen», «Aksaray toqımashı» qospa ka`rxanaları, Ferganadag`ı «Azot» o`ndiriw birlespesi ha`m basqa proektler bar.

O`ndiristi jergiliklilestiriw da`stu`ri boyınsha sharalardı a`melge asırıw na`tiyjesinde importtın` tovar quramında da o`zgerisler baqlang`an. Ulıwma alg`anda 2009 jılg`a salıstırg`anda importtın` o`siwi mashina ha`m u`skeneler importın l7,l protsent, ren`li ha`m qara metallardın` 8,8 protsent, energetika ha`m janılg`ı o`nimlerinin` l28 protsent, xızmetlerdin` 5,0 protsent, tovarlardın` basqa toparları boyınsha lo,e protsent ko`beyiwi esabına ju`z berdi (2.2.l-tablitsa).

İmportta mashina u`skeneler tiykarg`ı orın tutqan, 2009  jılg`a salıstırg`anda  olardın`  salmag`ı  3,0  da`rejege

2.2.l-tablitsa

O`zbekstan Respublikası boyınsha tovarlar import ko`lemi ha`m quramının` o`zgerisi

| Tovar topari | Ulıwma import ko`lemindegi salmag`ı, % | | Ko`lemnin` o`zgeriwi, % |
|---|---|---|---|
| | 2010 jıl | 2011 jıl | 2011 jıl 2010 jılg’a salıstırg’anda |
| Azıq-awqat o`nimleri | 12,5 | 9,9 | 86,5 |
| Ximiyalıq o`nimler | 15,1 | 12,8 | 92,6 |
| Energiya resursları | 1,3 | 2,7 | 228,0 |
| Qara ha`m ren`li metallar | 8,0 | 7,9 | 108,8 |
| Mashina ha`m a`spab-u`skeneler | 41,4 | 44,4 | 117,1 |
| Xızmetler | 10,6 | 10,2 | 105,0 |
| Basqalar | 11,1 | 12,1 | 119,3 |
| Ja`mi | 100 | 100 | 109,3 |

O`zbekstan Respublikası Ma`mleketlik statistika Komiteti mag`lıwmatları. T. 2011, 65 b. salıstırg`anda ko`beygen ha`m sonın` menen birge, ulıwma importtın` 44,4 protsentti qurag`an. Bul ekonomikanın` jetekshi tarmaqlarında ba`sekige shıdamlı o`nimler o`ndiriwge bag`darlang`an zamango`y o`ndiriwlerdi jaratıw, bar buwyımlardı zamanago`ylestiriw ha`m texnologiyalıq jan`alaw menen baylanıslı bolıp qalmaqta.

Energetika ha`m janılg`ı o`nimleri importı salmag`ı 2010 jıldag`ı l,3 protsentten 2011 jılda 2,7 protsentke shekem astı.

Ren`li ha`m qara metallar importı salmag`ı 7,9 protsent xızmetlerdi bolsa l0,2 protsentti quradı yaki 2010 jılg`ı salıstırg`anda sya`kes ra`wishte 0,l ha`m 04 protsent da`rejege kemeydi.

G`a`lle ha`m un, qumsheker ha`m qant o`nimleri, may ha`m alkogol ha`m alkogolsiz ishimliklerdin` alıp keliniwinin` qısqarıwı esabına 2009 jılg`a salıstırg`anda tutınıw tovarları importı l3,5 protsentke kemeydi. Kaustikalıq soda, farmatsevtika o`nimleri, plastmassa o`nimleri importtın` qısqarıwı esabına ximiyalıq o`nimler importı 7,4 protsentke kemeydi. Na`tiyjede ulıwma import ko`lemindegi tutınıw tovarları importının` salmag`ı l2,5 protsentten 9,9 protsentke shekem, ximiyalıq o`nimler importı bolsa sa`ykes ra`wishte l5,l protsentten l2,8 protsentke shekem kemeydi.

Sırt el ma`mleketlerine eksport qılıw su`wretleri (2009 jılg`a salıstırg`anda l,wu ma`rte) salıstırmalı o`sip barıwı baqlang`an. Bunda "MDA ma`mleketlerine eksport qılıw salmag`ı 27,6 protsentten wy protsentke kemeygen. "MDA ma`mleketlerine tiykarınan tutınıw tovarları ha`m energetika, janılg`ı o`nimleri jetkizip berilmekte, sonday-aq, ximiyalıq o`nimler, mashina ha`m u`skenelerdi eksport qılıw ko`lemi de artıp barmaqta. Sırt el ma`mleketlerine tiykarınan paxta talası, ren`li ha`m qımbat bahalı metallar, ximiyalıq o`nimler eksport qılınbaqta. Ulıwma alg`anda, eksport ko`lemindegi usı ma`mleketlerge eksport qılıw salmag`ı 72,4 protsentten 74 protsentke shekem ko`beydi (2.2.2-tablitsa).

Sırt el ma`mleketlerinen import qılıwg`a salıstırg`anda (l,07 ma`rte) "MDA ma`mleketlerinen import qılıw su`wretleri bir qansha joqarılap ketti (2009 jılg`a salıstırg`anda l,l4 ma`rte). Sa`ykes ra`wishte "MDA ma`mleketlerinen import qılıw salmag`ı

2.2.2 – tablitsa.

Respublika sırtqı bazar sawdasının` tiykarg`ı birge islesiwshileri

| Ma`mleketler | Sırtqı sawda aylanısı (mln. AQSh doll.) | | U`lesi, % | |
|---|---|---|---|---|
| | 2010 | 2011 | 2010 | 2011 |
| Rossiya | 1149,1 | 913,1 | 17,2 | 16,0 |
| Ullı Britaniya | 356,2 | 302,1 | 5,3 | 5,3 |
| AQSh | 335,2 | 404,6 | 5,0 | 7,1 |
| Germaniya | 333,7 | 250,8 | 5,0 | 4,4 |
| İran | 302,6 | 206,1 | 4,5 | 3,6 |
| Qazaqstan | 295,3 | 263,3 | 4,4 | 4,6 |
| Qubla Koreya | 289,9 | 326 | 4,3 | 5,7 |
| Ukraina | 280,0 | 282,2 | 4,2 | 5,0 |
| Turtsiya | 270,8 | 190,5 | 4,0 | 3,3 |
| Shveytsariya | 217,8 | 212,2 | 3,3 | 3,7 |
| Qıtay | 216,5 | 130,1 | 3,2 | 2,3 |
| Ta`jikstan | 145,8 | 117,0 | 2,2 | 2,1 |
| İtaliya | 109,7 | 123,8 | 1,6 | 2,2 |
| İndiya | 108,6 | 40,5 | 1,6 | 0,7 |
| Latviya | 106,5 | 100,1 | 1,6 | 1,8 |
| İri birge islesiwshiler menen sırtqı sawda aylanısı | 4517,7 | 3862,4 | 67,5 | 67,8 |
| Ja`mi sırtqı sawda aylanısı | 6689,2 | 5700,5 | 100,0 | 100 |

O`zbekstan Respublikası Ma`mleketlik statistika Komiteti mag`lıwmatları. T. 2011, 65 b.

2009 jıldag`ı 36,9 protsent 38,3 protsentke shekem ko`beydi, sırt el

ma`mleketlerinen bolsa 63,l protsentten 6l,7 protsentke kemeydi. "MDA ma`mleketlerinen tiykarınan qara ha`m ren`li metallar, energetika ha`m janılg`ı o`nimleri, ag`ash, qag`az ha`m qag`az o`nimleri; sırt el ma`mleketlerinen bolsa azıq-awqat, ximiyalıq o`nimler ha`m plastmassa, mashina ha`m u`skeneler, toqımashılıq o`nimleri alıp kelingen.

2010 jılda tiykarg`ı sawda birge islesiwshileri bolıp, Evropa (respublika tovar aylanısının` 63,3 protsenti) ha`m Aziya ma`mleketleri (33,0 protsent esaplanadı. Olar qatnasıwındag`ı tovar aylanısı 2009 jılg`a salıstırg`anda l,2 ma`rtege astı.

Sırtqı bazarlarg`a shıg`ıwda jetekshi sawda birge islesiwshileri bolıp to`mendegi ma`mleketler esaplanadı: Rossiya – eksporttın` l2,3 protsent (2002 jılg`a salıstırg`anda l44,5 protsent), Ullı Britaniya – 7,5 protsent (l2l,8 protsent), İran – 7,4 protsent (l57,6 protsent), Shveytsariya – 5,4 protsent (l05,9 protsent), Ukraina – 3,9 protsent (89,5 protsent), Turtsiya – 3,5 protsent (l25,6 protsent), Ta`jikstan – 3,3 (l20,2 protsent), AQSh – 2,6 protsent (l39,l protsent), Qazaqstan – 2,6 protsent (l2l,8 protsent), İndiya 2,4 protsent (370,2 protsent) Afganistan – 2,4 protsent (l45,2 protsent).

İmporttın` 60 protsenti altı ma`mleket u`lesine tuwrı kelgen: 23,3 % (2004 jılg`a salıstırg`anda ll5,9 %). Germaniya – 9,8 % (l38,l), Qubla Koreya – 6,9 % (90,7 %), AQh – 7,7 % (69,7 %), Qıtay – 5,5 % (l44,7 %), Turtsiya – 4,8 % (l6l,7 %).

2009 jılda tovar almastırıwdag`ı en` joqarı unamlı qaldıq İran, Ullı Britaniya, Shveytsariya, Ta`jikstan menen baqlang`an; unamsız qaldıq bolsa – Germaniya, Rossiya, Qubla Koreya, AQSh, Qıtay, Qazaqstan menen baqlandı. Eksport quramında tayar o`nim barg`an sayın salmaqlı orın tutıp barmaqta. Sırtqı baylanıslar geografiyasında ekonomikalıq jaqtan rawajlang`an shet el ma`mleketleri menen qatnasıqlar bekkemlenip bardı.

Bu`gingi ku`nge kelip O`zbekstan o`z eksport potentsialın ele tolılıg`ınsha a`melge asırg`anı joq. O`zbekstan arzan ha`m mag`lıwmatlı jumısshı ku`shine iye, bul bolsa og`an paxta o`nimleri sıyaqlı miynet talap tovarlar ja`ne de qayta

islengen o`nimlerden tartıp ayaq kiyimine shekem bolg`an jen`il sanaat o`nimlerin eksport qılıwda o`zine ta`n u`stinlik jaratadı. Bunnan tısqarı, O`zbekstan paxta, energiya resursları ha`m ren`li metallardı eksport qılıwda da u`lken potentsialg`a iye bolıp tabıladı.

O`zbekstan paxta jetistiriw boyınsha du`nyada to`rtinshi orındı iyeleydi, biraq O`zbekstannın` toqımashılıq fabrikalarında jergilikli paxtanın` ortasha wt protsenti qayta islenedi. Bul halat, zamango`y o`ndiris orınları ha`m u`skenelerdin` jeterli emesligi, sonday-aq usı sektorda basqarıw ha`m marketing potentsialının` jeterli bolmag`anlıg`ı na`tiyjesinde ju`zege kelgen. Erkin sawda rejimi menen birgelikte toqımashılıq sanaatının` texnologiyalıq ha`m isbilermenlik jag`ınan qollap-quwatlanıwı, paxta o`nimleri eksportın rawajlandırıwg`a unamlı ta`sir ko`rsetiwi ku`tilmekte.

O`zbekstan altın, mıs ha`m gu`mis sıyaqlı ta`biyiy resurslarg`a bay bolıp keledi. Biraq, ma`mleket sırtqı sawda kompaniyalarının` u`stinligi usı shiyki-zat o`nimlerinin` eksportın pa`seyttiredi. Usı tarawda sawdanı menshiklestiriw na`tiyjesinde altın ha`m basqa ren`li metallar eksportının` artıwı ku`tilmekte. Usı protsesslerde jeke sektordın` qatnasıwına tolılıg`ınsha ruxsat beriw keleshekte bul shiyki-zat resurslarının` eksportın xoshametleydi.

Ha`r tu`rli ma`mleketler ortasında o`z-ara ekonomikalıq baylanıwdın` ku`sheyiwi ha`m du`nya bazarında ba`sekinin` keskinlesiwi, du`nya ju`zi ekonomikasında transmilliy korporatsiyalar rolinin` asıwı, valyuta kurslarının` turaqlı emesligi, to`lew balanslarının` defitsitligi, jas ma`mleketler sırtqı qarızlarının` ja`ne de o`siwi ju`z bermekte. Bul sırtqı xızmetti tek g`ana ma`mleket da`rejesinde emes, ba`lkim ekonomikalıq sho`lkemler da`rejesinde de ta`rtipke salıw za`ru`rligin belgileydi. Ta`rtiplew ma`mleket ta`repinen shara-ilajlar kompleksin islep shıg`ıw ha`m onın` orınlanıwın ta`miynlew protsessin o`zinde sa`wlelendiredi. Bul shara-ilajlar ma`mlekettin` halıq aralıq qa`niygelesiwindegi qatnasınan keletug`ın paydanı alıw, du`nya ju`zi xojalıg`ındag`ı da`wirli pa`seyiwlerinin` ta`sirin joytıw yaki pa`seyttiriw, sonday-aq, valyuta kurslarının` oynawı ha`m du`nya ju`zi ekonomikasındag`ı basqa unamsız ha`diyselerdin` ishki

ekonomikag`a ta`sirin pa`seyttiriwge yaki joytıwg`a, du`nya bazarında milliy o`ndiris statusın bekkemlewge bag`darlanadı.

O`zbekstan Respublikası Sırtqı ekonomikalıq xızmet Milliy banki ha`m ETRB ortasında da ken` birge islesiw jolg`a qoyılg`an. Yag`nıy, qunı 324,9 million AQSh dollarlıq o proekt ju`zege shıg`arılmaqta. Milliy bank ETRB ja`rdemi menen kishi ha`m orta biznesti qollap-quwatlaw ushın 2 kredit liniyası boyınsha l20 million AQSh dolları mug`darında qarjı alıwdı rejelep atır. Birinshi kredit liniyası boyınsha 22 proekt tan`lap alındı, ekinshi kredit liniyasında bolsa ETRB eki proektti finanslastırdı. Proektlerdin` 2l o`z jumısın basladı.

G`a`rezsizliktin` da`slepki on jıllıg`ı dawamında O`zbekstan Respublikasının` ekonomikalıq subektleri ta`repinen a`melge asırılatug`ın sırtqı sawda sha`rtleri tu`pten o`zgerdi. Ha`zirgi waqıtqa kelip shama menen ba`rshe ka`rxanalar o`z o`nimlerin du`nya ju`zi bazarında satıw huqıqına iye bolıp tabıladı.

A`sirese, sırtqı sawda baylanısların ken`eyttiriwge u`lken itibar qaratıldı ha`m onı xoshametlew maqsetinde bir talay jen`illikler engizildi. Sebebi sırtqı ekonomikalıq baylanıslardın` ju`da` u`lken bo`legin sırtqı sawda sho`lkemlestiredi ha`m sırtqı sawda ha`r bir shet el investitsiyaları kirip keliwi dinamikası ko`rsetiliwi kerek. Shet el kapitalı qatnasıwındag`ı ka`rxanalar o`ndiris, eksport-import ko`rsetkishleri qısqasha analizi ma`mlekettin` rawajlanıwında u`lken a`hmiyetke iye.

Juwmaqlaw ornında sonı aytıw kerek, ha`zirgi ku`nde O`zbekstandı du`nyanın` derlik ba`rshe ma`mleketleri ta`n aldı, olardan ba`rshesi menen diplomatiya qatnasıqları ornatıldı. O`zbekstan paytaxtında bul ma`mleketlerdin` elshixanaları islep turıptı. Ha`zir du`nyanın` 20 dan artıq ma`mleketinde respublikamızdın` diplomatiya elshixanaları is basladı. O`zbekstan Respublikası ko`p ta`repleme halıq aralıq ekonomikalıq birge islesiw sho`lkemleri xızmetinde qatnaspaqta. Birlesken Milletler Sho`lkeminin` ekonomikalıq ma`kemeleri, Du`nya ju`zi banki, Halıq aralıq Valyuta fondı, Halıq aralıq finans korporatsiyası, Ekonomikalıq rawajlanıwg`a ko`meklesiwshi sho`lkem, Halıq aralıq miynet sho`lkemi, Du`ya ju`zi den-sawlıqtı saqlaw sho`lkemi sıyaqlı ha`m basqa abıray-

itibarlı halıq aralıq finans-ekonomikalıq sho`lkemlerge ag`za bolıp kirdi ja`ne de olarda aktiv siyasat o`tkize basladı. Ko`p g`ana halıq aralıq sho`lkemler – BMSh, XVF, Du`nya ju`zi banki, Evropa tikleniw ha`m rawajlanıw banki, Evropa Awqamı Komissiyası ha`m basqa sho`lkemler respublikada o`zlerinin` territoriyalıq wa`kalatxanaların ashtı ha`m O`zbekstanlıq sherikler menen aktiv birge islemekte. Bulardın` ba`rshesi respublikada sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı ja`ne de rawajlanıwı ushın xızmet qılmaqta.

**Tema: MILLIY EKONOMIKANI RAWAJLANDIRIWDA XALIQ ARALIQ EKONOMIKALIQ QATNASIQLARDIN’ ROLI, A’H’MIYETI H’A’M ONIN’ ZA’RU’RLIGI**

**I. Sabaqtın’ maqseti:**

İzertlewdin` maqseti sırtqı ekonomikalıq xızmettin` rawajlanıwın ha`m usı protsesstin` Respublika g`a`rezsizligi jıllarındag`ı xızmetinin` tiykarg`ı bag`darların analiz qılıw ha`m perspektivasın belgilewge qaratılg`an usınıs ha`m pikirlerin islep shıg`ıwdan ibarat.

**II. Sabaqta tu’sindiriliwi tiyis bolg’an tiykarg’ı atama ha’m tu’sinikler:**

- Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardın’ a’h’miyeti, qa’siyetleri h’a’m za’ru’rligi ;
- Xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqlardı esapqa alıw jolları;
- Respublikamız milliy ekonomikası h’a’m xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqları;
- O’zbekstan Respublikasının’ xalıq aralıq ekonomikalıq baylanıslardag’ı birge islesiwi h’a’m rawajlanıw basqıshları izertlewi;

**III. Sabaq ushın za’ru’r buyımlar ha’m mag’lıwmat derekleri:**

- 9 – klass sabaqlıg’ı

**IV. Sabaqtın’ basqıshları ha’m waqıttın’ bo’listiriliwi:**

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Sho’lkemlestiriw bo’limi | 2 minut |
| 2 | Jan’a temanı baslawg’a tayarlıq | 5 minut |
| 3 | Jan’a temanı tu’sindiriw:<br>a) pikir alısıw<br>b) o’z betinshe jumıs;<br>d) analizlew;<br>e) juwmaq | 27 minut<br>5 minut<br>10 minut<br>7 minut<br>5 minut |

| | | |
|---|---|---|
| 4 | Jan’a temanı bekkemlew | 5 minut |
| 5 | Sabaqtı juwmaqlaw | 3 minut |
| 6 | U’yge tapsırma | 3 minut |

**V. Sabaqtın’ basqıshları:**

1. Sho’lkemlestiriw bo’limi

Sa’lemlesedi. U’yge tapsırma tekseriledi.

2. Jan’a temanı baslawg’a tayarlıq

Sabaq g`a`rezsiz O`zbekstang`a o`zinin` sırtqı siyasatın g`a`rezsiz ra`wishte o`tkiziw, du`nya ju`zi ha`mja`miyetine kiriwdin` o`zine ta`n ha`m say jolın islep shıg`ıw, ma`mleketler ara qatnasıqlarının` bag`darları ha`m prioritetliklerin belgilew imkanın berdi. «O`zbek rawajlanıw jolı» sotsiallıq bag`darlang`an turaqlı bazar ekonomikasın ju`zege keltiriw menen birge ashıq ekonomika jaratıw ha`m pu`tkil sırtqı ekonomikalıq xızmetti teren` reforma qılıwdı da ko`zde tutadı.

Jurtbasımız atap o`tkenindey, «O`zbekstan Respublikası ushın g`a`rezsiz sırtqı siyasat ju`rgiziw – ma`mleket xızmetinin` jan`a ha`m a`melde qollanılmag`an bag`darlarınan biri bolıp tabıladı[5]. G’a`rezsiz O`zbekstan sırtqı ekonomikalıq xızmet masshtabında «ashıq esikler» ha`m «o`z-ara ten` ma`pdarlıq» printsipi ilgeri qoyılıp, siyasiy struktura, ideologiyalıq ko`z-qaraslar, diniy yaki basqa sotsiallıq ha`reketlerge tiyislilik sıyaqlı belgilerge ko`re ekonomikalıq baylanıslardı ornatıw a`meliyatınan qatan` ra`wishte waz keshildi[6].

Ten` huqıqlı ha`m o`z-ara paydalı sırtqı ekonomikalıq xızmette sırtqı bazarlarg`a shıg`ıw geostrategiyalıq ma`plerin ju`zege shıg`arıw jolı bolıp, O`zbekstan o`z g`a`rezsizliginin` birinshi ku`nlerinen-aq usı printsipke a`mel qılıp kelmekte[7].

O`zbekstannın` milliy ma`plerine say keletug`ın ko`p ta`repleme aktiv sırtqı ekonomikalıq xızmetti a`melge asırıw – ma`mleketimiz g`a`rezsizligin bekkemlew,

---

[5] Karimov İ.A. «O`zbekstan: milliy g`a`rezsizlik, ekonomika, siyasat, ideologiya». T.: «O`zbekstan, 1992-38b.

[6] Qaran`: Mustaqillik: İzohli ilmiy-ommabop lwg`at. T: «Sharq», 2000,-80 b

[7] Milliy istiqlol g`oyasi: asosiy tushunchalar, tamoyillar, atamalar. T.: «Yangi asr avlodi», 2002.-143 b.

ekonomikalıq qıyınshılıqlardı joq etiw ha`m xalıq turmısınan jaqsılawdın` za`ru`r sha`rti ha`m za`ru`r quralı ekenligi menen belgilenedi.

Sonday-aq, ha`zirgi da`wir ku`n ta`rtibine qoyıp atırg`an wazıypalardan ko`rinip turıptı, respublikanın` du`nya ju`zi ekonomikalıq sistemasına integratsiyalasıwısız, sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı ken`eyttirmey turıp ha`m en` za`ru`ri shet el kapitalının` qatnasıwısız O`zbekstan ekonomikasının` keleshektegi turaqlı rawajlanıwın ta`miynlew mu`mkin emes. Sonın` ushın da İslam Karimov: «Biz sırtqı ekonomikalıq xızmettin` du`nya ju`zinde qabıl qılıng`an ag`artıwshı formalarına tezirek o`tiwimiz...» lazım dep anıq-ra`wshan atap o`tken edi. İzertlewdin` aktuallıg`ı, bizin`she to`mendegi ta`repler menen belgilenedi:

Birinshiden, du`nya ju`zi ta`jiriybesi sonı tastıyıqlaydı, reformalardın` na`tiyjeliligi ha`m ulıwma alg`anda ma`mlekettin` ishki rawajlanıwı ma`mlekettin` sırtqı ekonomikalıq xızmetinin` na`tiyjeliligi ha`m iskerligi da`rejesi menen baylanıslı bolıp tabıladı.

Ekinshiden, milliy ekonomikanı rawajlandırıwda sırtqı ekonomikalıq xızmettin` tutqan ornı ha`m a`hmiyetin ashıp beriw za`ru`rliginin` barlıg`ı.

U`shinshiden, sırtqı ekonomikalıq xızmettin` bu`gingi ku`n talapları tiykarında sho`lkemlestiriw ha`m boljaw metodların ja`ne de jetilistiriw mashqalasın teren`irek u`yreniw za`ru`rligi ha`m basqalar.

3. Jan’a temanı tu’sindiriw.

O`zbekstannın` ma`mleket g`a`rezsizligin qolg`a kiritiwi o`zbek halqının` mın` jıllıq tariyxındag`ı sapa jag`ınan jan`a betlerdi izertlewge imkan jarattı. Bu`gingi ku`nde respublikada sotsiallıq turmıstın` ba`rshe tarawlarında tu`p o`zgerisler payda bolmaqta, sotsiallıq qorg`alg`an bazar ekonomikası tiykarlang`an demokratiyalıq huqıqıy ma`mlekettin` tiykarı qoyıp berilmekte.

Usıg`an muwapıq jurtbasımız atap o`tkenindey, «...sırtqı ekonomikalıq xızmettegi ha`r bir qa`dem Watan ha`m halıq ma`pin ko`zde tutqan halda qoyılıwı, usı ma`p jolında xızmet qılıwı da`rkar[8]».

---

[8] Karimov İ.A. Faoliyatimiz vatan manfaatlariga xizmat qilsin. //Vatan sajdago8 kabi

O`zbekstan Respublikasında ashıq ekonomikanı sho`lkemlestiriw du`nya ju`zi xojalıg`ına u`zliksiz baylanıwdı talap etedi. Bul bag`dardın` za`ru`r sha`rti ba`rshe ka`rxanalardın` sırtqı bazarg`a tikkeley shıg`a alıwlarında bolıp tabıladı.

XX a`sirdin` son`g`ı jıllarında ekonomikalıq rawajlanıwının` tu`p sapa o`zgerisleri halıq ara qatnasıqlarının` ha`zirgi basqıshtag`ı qa`siyetlerin belgilep berdi.

Birinshiden, halıq ara almastırıwdın` quramlı du`ziliwi sezilerli da`rejede o`zgerdi: ma`mleketler o`nimler almastırıwdan tısqarı ha`r tu`rli xızmetler, finans kapitalı, jumısshı ku`shi, pa`n-texnika mag`lıwmatları, jan`a texnologiyalar, basqarıw metodları ha`m basqalar menen aktiv sawda-satıq alıp barıwg`a o`tti.

Ekinshiden, kapitaldı shetke shıg`arılıwının` ku`sheyiwi ha`m ma`mleketler ortasında almastırıwdın` ken`eyiwi sırtqı ekonomikalıq xızmettin` ma`mleketler ara ku`sheyiwine alıp keledi.

Ha`r bir ma`mleket o`zinin` o`ndiriwshi ku`shlerinin` rawajlanıwına qarap du`nya ju`zi bazarına ha`r tu`rli tovar ha`m xızmetler jetkizip beriwge qa`niygelesedi: sonday-aq, ekonomikası joqarı da`rejede rawajlang`an ma`mleketler halıq ara almastırıwda tiykarınan tayar o`nimler, xızmetler ha`m kapitaldı shet elge jetkizip berip, bir waqıttın` o`zinde o`zine kerekli ha`r tu`rli shiyki zatlar, arzan jumısshı ku`shin shetten alıp kiredi.

Ekonomikası rawajlanıp atırg`an ma`mleketler kerisinshe, shet elge tiykarınan mol bolg`an ekonomikalıq resurslardı jetkizip berip, o`zine jan`a texnologiyalardı, tayar o`nimlerdi ha`m pa`n-texnika mag`lıwmatların satıp aladı ha`m sırt el investitsiyalardı alıp keledi.

Sırtqı ekonomikalıq siyasat – bul ne?

Sırtqı ekonomikalıq siyasat – bul milliy ag`ımdag`ı ha`m strategiyalıq maqsetlerge muwapıq sırtqı ekonomikalıq xızmet tarawında ma`mleket organları ta`repinen a`melge asırılatug`ın shara-ilajlar jıyındısı bolıp tabıladı.

Birde-bir ma`mlekettin` o`z milliy ekonomikasın shet el ba`sekisinen qorg`awg`a qaratılg`an ekonomikalıq siyasatı protektsionizm dep ataladı ha`m bul

---

muqaddasdir. T.3. – T., 1996 – 128 b.

siyasattın` ayırım metodları halıq ara almastırıwdın` bir qansha erkinlesiwine qaramay, ba`rshe ma`mleketler ta`repinen qollanadı.

O`zbekstan g`a`rezsizlikke erisken da`slepki ku`nlerinen baslap du`nya ju`zi ta`jiriybesin ja`ne de milliy ekonomika rawajlanıwının` o`zine ta`n qa`siyetlerin esapqa alg`an halda o`z sırtqı ekonomikalıq xızmetin a`melge asırmaqta.

Ma`mlekettin` sırtqı ekonomikalıq siyasatının` maqsetleri?

Ma`mleket rawajlanıwının` ha`r bir basqıshında onın` o`z aldına qoyg`an wazıypaları bar bolıp, ma`mlekettin` ekonomikalıq siyasatı bul wazıypalardın` orınlanıwına qaratılıwı kerek. Ma`mlekettin` sırtqı ekonomikalıq siyasatının` maqsetleri usı da`wirdin` o`zine ta`n qa`siyetlerine say keliwi kerek. Olar arasında en` za`ru`rleri to`mendegiler:

- ma`mlekette import ornın qaplaytug`ın tovarlardı o`ndiriwdi jergilikli resurslardan paydalang`an halda sho`lkemlestiriw;

- eksporttı rawajlandırıw ha`m onın` quramın tayar o`nimler esabına ko`beyttiriw;

- import quramın jetilistiriw, yag`nıy onı milliy o`ndiristi zamanago`ylestiriw ha`m ken`eyttiriwge qaratıw, jan`a texnologiyalardı o`ndiriske engiziw;

- o`ndiriwshi ku`shlerdi sapa jag`ınan jan`a basqıshqa ko`teriw ushın shet el investitsiyaların alıp keliw.

O`zbekstannın` ekonomikalıq qa`wipsizligin ta`miynlewge qaratılg`an shara-ilajlardı ko`riw.

Demek, jurtbasımız atap o`tkenindey: «Ekonomikalıq faktorlar O`zbekstannın` sırtqı siyasatında za`ru`r orın tutadı».

O`zbekstannın` sırtqı ekonomikalıq siyasatı anıq belgilengen maqsetler ha`m olardı a`melge asırıwg`a qaratılg`an tiykarg`ı ilajlardı o`z ishine aladı.

Birinshiden, respublika milliy ekonomikasının` ku`shli eksport buwının sho`lkemlestiriwshi ha`m onı du`nya ju`zi bazarında mu`na`sip orıng`a iye bolıwın ta`miynlewshi tarawlardı anıqlaw.

Ekinshiden, ekonomikanın` eksport buwınında ma`mleket ta`repinen qollap-

quwatlaw metodlarınan ken` paydalanıw. bul metodlar to`mendegilerden ibarat:

- eksportqa bag`darlang`an o`ndiristi ken`eyttiriw ushın jen`illikli protsentler boyınsha ko`p mu`ddetli kreditler ajıratıw, mo`lsherlengen investitsiyalardı qamsızlandırıw;

- eksport qılıwshılarg`a milliy o`ndiris ha`m onın` sırt elli ba`sekileri o`ndiriwi qa`rejetleri ortasındag`ı parqtı qaplaw;

- ma`mleket ta`repinen respublikag`a aldag`ı texnologiyalar, ta`jiriybeler, bilimlerdin` kirip keliwine subsidiyalar ajıratıw;

- eksport ha`m importtı litsenziyalaw yaki shetke tovar shıg`arıwg`a ha`m shetten onı alıp keliwge ruxsatnamalar beriw;

- o`ndiris protsessinde isletiletug`ın ha`m shetten keltiriletug`ın shiyki-zat ha`m materiallar, a`spab-u`skeneler ha`m buyımlar u`lesin basqıshpa-basqısh kemeyttiriw ha`m basqalar.

Usı menen birge, sırtqı ekonomikalıq siyasat milliy valyutanı bekkemlew ha`m onı basqa valyutalarg`a erkin almasıwın ta`miynlewdi, ishki bahalardı du`nya ju`zi bazarı bahalarına jaqınlastırıw maqsetinde bahalar reformasın tamamlawdı, sırtqı ekonomikalıq xızmettin` normativ ha`m huqıqıy tiykarların halıq ara talaplar da`rejesine jetkiziwdi na`zerde tutadı.

Sırtqı ekonomikalıq faktor ?

O`zbekstan Respublikasında sırtqı ekonomikalıq xızmet ma`mleket ta`repinen ta`rtipke salınadı. Bunın` ushın aldın-ala bul iskerliktin` nızamshılıq negizin qa`liplestiriw, onı rawajlang`an ma`mleketlerde a`mel qılıwshı nızamshılıqqa barg`an sayın muwapıqlastıra barıw o`te za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Ha`zirgi sha`rayatta sırtqı ekonomikalıq faktor ha`r bir ma`mleket ekonomikasının` rawajlanıwında ha`m bekkemleniwinde za`ru`r orın tutadı. Ol a`sirese, g`a`rezsiz rawajlanıw jolınan barıp atırg`an O`zbekstan ushın ayrıqsha a`hmiyetke iye.

Ha`r qanday ma`mleket ushın halıq ara almastırıwdın` a`hmiyeti birinshiden, halıq ara miynet bo`listiriwi ha`m basqa ma`mleketlerge salıstırg`anda o`ndiris

sarpları pa`srek bolg`an o`nim tayarlawg`a qa`niygelesiwi na`tiyjesinde alınatug`ın qosımsha payda menen belgilenedi. Qosımsha payda du`nya ju`zi ha`m ishki bahalar ortasındag`ı parqlardan quraladı. Ekinshiden, sırtqı ekonomikalıq qatnasıqlardı jolg`a qoyıw ha`m erkinlestiriw arqalı en` jan`a texnologiyalar, basqarıw metodları, shet el investitsiyaları ha`m basqalardan paydalanıladı. Bul bolsa milliy ekonomikanı ja`ne de tezirek ko`teriwge ko`meklesedi.

Ha`zirgi payıtta O`zbekstannan sırtqı ekonomikalıq xızmetinin` tiykarg`ı formaları to`mendegiler esaplanadı:

- tovarlar ha`m xızmetler sırtqı sawdası;
- investitsiyalar almastırıw (kiritiw ha`m shıg`arıw);
- jumısshı ku`shi eksportı ha`m importı;
- halıq ara ag`ımdag`ı birge islesiw;
- ilimiy-texnikalıq ha`m gumanitar birge islesiw.

Respublikamız milliy ekonomikası h’a’m xalıq aralıq ekonomikalıq qatnasıqları?

Bazar ekonomikasına o`tiw jag`dayında O`zbekstanda finans bazarın rawajlandırıw, olardın` xızmetlerin bazar talaplarına sa`ykes jetilistirip barıw ha`m du`nya ju`zilik finans bazarına integratsiyalanıw protsessinin` teren`lesiwine ayrıqsha itibar qaratılmaqta.

O`zbekstan ekonomikasına shet el kapitalının` keliw imkaniyatların belgilew ushın, da`slep, ishki finans bazarı bar bolg`an jag`daylarda ha`zirgi zaman du`nya ju`zilik finans bazarının` tiykarg`ı bag`darların anıq tu`sinip alıw lazım. Bunın` ushın milliy finans bazarlarının` du`nya ju`zilik finans bazarına integratsiyalanıwının` teoriyalıq ha`m metodologiyalıq tiykarların, obektiv za`ru`rligin ha`mde olardı jetilistiriw jolların u`yreniw za`ru`r.

Sırt el investorları, potentsial investorlar birinshi na`wbette payda alıwdan ma`pdar, biraq, investitsiyalar menen baylanıslı riskler olardı qatan` qa`weterge saladı. İnvestorlardı o`zine tartatug`ın tiykarg`ı faktorlar` rawajlang`an infrastruktura, isenimli ha`m mamanlı miynet resursları, da`ramat ha`m kapitaldı shet elge o`tkiziw, huqıqıy kepillikler, sonday-aq, sotsiallıq ha`m siyasiy turaqlılıq ka`bilerden ibarat.

Bu`gingi ku`nde tikkeley investitsiya ag`ımı payda alıwdın` jan`a imkaniyatlarına shaqqan ju`z tutadı ha`m sonın` ushın da, ol o`ndiris, is haqı potentsial miynet o`nimdarlıg`ına salıstırg`anda pa`s bolg`an orınlarg`a ko`shpekte.

Ma`mleketke shet el qarjıların TMK lar qushaq ashıp paydalanıwg`a tayar turg`an ishki bazardag`ı qa`wenderlik esabına emes, ba`lki aqılg`a muwapıq ekonomikalıq printsipler tiykarında tartıw za`ru`r bolıp tabıladı.

Valyuta mu`na`sibetleri – sırtqı sawda, ekonomikalıq ha`m ilimiy texnikalıq awqamlıq, sırt elge kredit ja`ne de qarızlardı beriw ha`m alıw, valyuta aktivlerin satıp alıw menen baylanıslı pitimlerdi a`melge asırıwda qatnasatug`ın valyuta menen baylanıslı mu`na`sibetler bolıp tabıladı.

O`zbekstannın` halıq aralıq sho`lkemler menen birge islesiwi ?

O`zbekstannın` halıq aralıq sho`lkemler menen birge islesiwi de uzaq mu`ddetli, tag`ı qısqa mu`ddetli a`hmiyetke iye bolg`an en` za`ru`r wazıypalardı birge qosıw maqsetlerinen kelip shıg`ıp a`melge asırılmaqta.

Birinshiden, du`nya ju`zilik ekonomikag`a qosılıwdan ibarat bolg`an strategiyalıq integratsion wazıypa - O`zbekstandag`ı ba`rshe xojalıq subektlerinin` sırtqı du`nya menen o`z-ara baylanısları ushın ten` huqıqlı ha`m milliy ma`plerge say keletug`ın sha`rt-sha`rayatlar jaratıw tiykarında halıq aralıq valyuta-finans ha`m sawda mexanizmlerine tikkeley qosılıw na`zerde tutıladı.

Ekinshiden, respublikanın` ag`ımdag`ı mashqalaların sheshiwge tikkeley ko`meklesiw, bar halıq aralıq ta`jiriybe tiykarında, joqarıda sanap o`tilgen ma`kemelerden finanslıq, texnikalıq ja`rdem ha`m ma`sla`ha`t alıw jolı menen o`tkizilip atırg`an reformalardı qollap-quwatlaw ko`zde tutılmaqta.

Respublikada sırtqı ekonomikalıq xızmet penen shug`ıllanıwı za`ru`r bolg`an ba`rshe ma`kemeler a`melde jan`adan payda etildi. Sırtqı ekonomikalıq xızmet baylanıslar agentligi, Sırtqı ekonomikalıq xızmet milliy banki, bajıxanalar xızmeti sho`lkemlestirildi. Ministrler Kabinetinde, ministrlikler ha`m organlarda, korporatsiyalar, kontsernler, birlespelerde ha`m jergilikli basqarıw organlarında tiyisli sırtqı ekonomikalıq bo`linbeler du`zildi ha`m jumıs alıp barılmaqta. Sırt elli birge islesiwshiler respublikada halıq aralıq sawda-satıq orayı du`zilmekte. Biz

du`nyanın` bir qansha ma`mleketlerinde sawda u`yleri ashtıq. O`zbekstan menen A№Sh, Ullı Britaniya, Germaniya ortasında ja`ne de respublikamız benen aktiv birge islesiw qılıwdan ma`pdar bolg`an basqa ma`mleketler ortasında sawda-sanaat palataları payda etildi.

Reforma a`melge asırıla baslang`an payıttan berli, sırtqı ekonomikalıq baylanıslar qatnasıwshılarının` quramı ha`m du`ziliwi o`zgerdi. Respublikanın` eki mın`nan ko`birek xojalıq subekti, sonnan birlespeler, kontsernler, kishi ha`m jeke ka`rxanalar sırtqı bazarg`a shıg`ıw huqıqın aldı.

Sırtqı sawda menen bir qatarda sırtqı ekonomikalıq birge islesiwdin` basqa formaları da sezilerli da`rejede ku`sheyip barmaqta. Respublikada shet elli kapitallar qatnasıwında xızmet ju`rgizip atırg`an ka`rxanalar barg`an sayın ko`beymekte. Ha`zirgi waqıtta respublika territoriyasında dizimnen o`tkizilgen shet elli kapital qatnasıwındag`ı ka`rxanalar eteo dan astı (olardan 2209 xızmet ko`rsetpekte), 100 protsent shet elli kapital menen islewshi ka`rxanalar ll0 g`a jetti.

Ha`zirgi ku`nde da`stu`rli sherikler – "MDA ma`mleketlerinen tısqarı eksporttın` biraz g`ana bo`legi Turtsiya, Belgiya, Ullı Britaniya, Frantsiya, Gollandiya, Polsha, Koreya Respublikası, İndoneziya, Malayziya sıyaqlı ma`mleketlerge tuwrı keledi.

G`a`rezsiz Ma`mleketler Awqamına kirgen ma`mleketler menen tikkeley ha`m ko`p ta`repleme qatnasıqlardı rawajlandırıw sırtqı siyasatımızdın` prioritet bag`darlarınan biri bolıp tabıladı. O`zbekstan Awqam ideyasın qollap-quwatladı, onın` sho`lkemlestiriwshileri qatarına kirdi, jaqınlasıw ha`m kooperatsiya baylanısların bekkemlew tarawındag`ı jumıslardı janpazlıq penen a`melge asırmaqta. O`zbekstan Ekonomikalıq Awqam ma`kemeleri – Ma`mleketler aralıq ekonomikalıq komitet, Ma`mleketler aralıq bank ha`m basqa ma`kemelerdi qa`liplestiriwde ju`da` aktiv qatnaspaqta. Awqam masshtabında Rossiya, Ukraina, Belarus, Moldova ha`m "MDA dag`ı basqa ma`mleketler menen eki ta`repleme sırtqı siyasiy, sawda-ekonomikalıq ha`m basqa sha`rtnamalar ja`ne de pitimler imzalandı, bul hu`jjetler teren` o`z-ara ma`pdarlı birge islesiwdin` bekkem negizin ju`zege keltiredi.

Oqıwshılardın’ juwapları tın’lanadı ha’m analizlenedi.

4. Jan’a temanı bekkemlew.

Sırtqı ekonomikalıq xızmettin’ a’h’miyeti, qa’siyetleri h’a’m za’ru’rligi ?

Usı sorawdan temanı bekkemlewde paydalanıw maqsetke muwapıq. Toparlarg’a 2 minuttan waqıt beriledi ha’m pikirleri tın’lanadı.

5. Sabaqtı juwmaqlaw ha’m bahalaw.

Aktiv qatnasqan oqıwshılar bahalanadı ha’m jurnalg’a ra’smiylestiriledi.

6. U’yge tapsırma.

1. O’tilgen temanı u’yreniw ha’m qaytalaw.

2. Temada keltirilgen kesteni ha’r ta’repleme u’yreniw ha’m tu’sinikke iye bolıw.

# O`MIR QA`WIPSIZLIGI

O`zbekstan Respublikasi Ministrler Ken`esinin` 19.07.2011 j. №208 sanli «Xaliqti jer silkiniwler aqibetinde payda bolatug`in ayriqsha jag`daylarda (ta`biiy ha`m texnogen tu`rdegi) ha`reket etiwge tayarlaw kompleks da`stu`rin tastiqlaw hakkinda»g`i qarari, Joqari ha`m orta arnawli bilimlendiriw ministrliginin` 22.07.2011 j. №310 sanli buyrig`in basshiliqka alinip ha`m orinlaw maqsteinde A`jiniyaz atindag`i No`kis Ma`mleketlik pedagogika instituti rektorati buyrig`i (25.12.2012 j. №601 D/1) tiykarinda «O`mir qa`wipsizligi» pa`ni barliq ta`lim bag`darlari boyinsha talabalarg`a oqiw protsessinde u`yretiw ushin, magistrlik dissertatsiya jumisi ha`m bakalavr qa`nigelik pitkeriw jumislarin orinlawda pa`nnin` huqiqiy tiykarlari kirgizildi.

“Ja`miyette puxaralardin` huqiqlari ha`m erkinliklerin qorg`aw ta`miyinlengende ol haqiqiy, huqiqiy puxaraliq ja`miyet boladi. Ha`r bir adam o`z huqiqlarin aniq biliwi olardan paydalana aliwi, o`z huqiqi ha`m erkinliklerin qorg`ay aliwi lazim. Bunin` ushin da`slep ma`mleketimiz xalqinin` huqiqiy ma`deniyatin asiriw za`ru`r” (I. Karimov. O`zbekstan XXI a`sirge umtilmaqta, 31 – bet).

XX a`sirdin` 60 – jillarinan baslap is ju`rgizip kelgen puxaraliq qorg`aniw sistemasinin` tiykarg`i waziypasi tinishliq da`wirinde ha`m uris jag`dayinda ma`mleket xalqin jalpi qirg`in qurallari ha`m basqa xu`jim qurallarinan qorg`aw, uris jag`dayinda xaliq xojalig`i obektlerinin` turaqli islewin ta`miyinlew ha`mde apatshiliq oshaqlarinda qutqariw ha`m tiklew jumislarin o`z waqtinda na`tiyjeli a`melge asiriwdan ibarat edi.

Biraq xaliq o`mirine tek jalpi qirg`in qurallari emes, ba`lkim basqa qa`wip – qa`terlerde qa`wip salmaqta, olardi na`zerden shette qaldiriw hasla mu`mkin emes. Bular ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylar bolip tabiladi.

1990–jillarg`a kelip yadro urisi qa`wipi kemeyip, biologiyaliq qurallardan paydalaniw sheklep qoyildi, jan`a – zamanago`y qural tu`rleri oylap tabildi, olar

adamlar ushin qa`wipli bolmay, ba`lki ekonomikaliq obektlerdi isten shig`ariwg`a qaratilg`an edi. Bulardin` barlig`i puqaraliq qorg`aniw sistemasi orninda jan`a bir sistema du`ziliw kerekligin da`llilep berdi.

Puqaraliq qorg`aniw ornin iyelewi mu`mkin bolg`an iri ko`lemdegi ayriqsha jag`daylarg`a a`welden tayarliqti ta`miyinlewshi jan`a arnawli ma`mleket sistemasi iyelewi, ol tinishliq ha`mde uris da`wirinde xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`awi lazim edi. Bul sistema xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw ha`m qutqariw jumislarin o`tkerip qoymay, basqa a`hmiyetli ilajlardi: ta`biyiy apatlardan qa`wipli aymaqlar kartalarin du`ziw, seysmikaliq bekkem bina ha`m imaratlardi quriw, qisqa, orta ha`m uzaq mu`ddetli boljaw jumislarin sho`lkemlestiriwi ha`m xaliq tayarlig`in a`melge asiriwi lazim edi.

Usi orinda ja`ne bir ma`seleni aydinlastirip aliwg`a tuwra keledi. Ayriqsha jag`day degen ne, onnan xaliqti ha`m aymaqlardi qorg`aw degende neni na`zerde tutiwimiz kerek?

Ayriqsha jag`day – adamlar qurban boliwi, olardin` den sawlig`i yaki qorshag`an ortaliqqa ziyan tiyiwi, materialliq shig`inlar keltirip shig`iliwi ha`mde adamlardin` turmis sharayatinin` izden shig`iwina alip keliwi mu`mkin bolg`an yaki alip kelgen avariya, apatshiliq, qa`wipli ta`biyg`iy ha`diyse yaki basqa ta`biyiy apatshiliq na`tiyjesinde belgili bir aymaqta ju`zege kelgen jag`day.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw – ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardi saplastiriw ilajlari, usillari, qurallar sistemasi, ha`reketler birlesigi.

Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw – aldin ala o`tkerilip, ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi qa`wipin mu`mkinshiligi bolg`ansha kemeytiwge, bunday jag`daylar ju`z bergen ta`g`dirde bolsa adamlar den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge qaratilg`an ilajlar kompleksi.

Ayriqsha jag`daylardi saplastiriw – ayriqsha jag`daylar ju`z bergende o`tkerilip, adamlar o`miri ha`m den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge, sonday – aq

ayriqsha jag`daylar ju`z bergen zonalardi shen`berge alip, qa`wipli faktorlar ta`sirin toqtatiwg`a qaratilg`an avariya – qutqariw jumislari ha`m basqa keshiktirip bolmaytug`in basqa jumislar kompleksi.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda qoyilg`an en` tiykarg`i jumislardin` biri–da`slep Qorg`aniw ministrligi qasinda puqaraliq qorg`aniw ha`m ayriqsha jag`daylar basqarmasinin`, son` usi basqarma tiykarinda O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` 1996 jil 4 marttag`i PF–1378 Buyrig`i menen Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` du`ziliwi boldi.

Ministrlik is ju`rgize baslag`annan son` xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinin` huqiqiy tiykarin du`ziwshi bir qatar nizam ha`m qararlar qabil etildi.

*O`zbekstan Respublikasi nizamlari:*

Xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw haqqinda (1999 jil 20 avgust) – 5 bo`lim ha`m 27 stat`yadan ibarat. Nizam xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawindag`i sotsial mu`na`sibetlerdi ta`rtipke saladi ha`m ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi ha`m rawajlaniwinin` aldin aliw, ayriqsha jag`daylar keltiretug`in shig`inlardi azaytiw ha`m ayriqsha jag`daylardi saplastiriwdi maqset etip qoyadi.

Puxaraliq qorg`aniw haqqinda (2000 jil 26 may) – 4 bo`lim ha`m 23 stat`yadan ibarat. Usi nizam puxaraliq qorg`aniw tarawindag`i tiykarg`i waziypalardi, olardi a`melge asiriwdin` huqiqiy tiykarlarin, ma`mleket organlarinin`, birlespe ha`m sho`lkemlerdin` wa`killiklerin, O`zbekstan Respublikasi puxaralarinin` huqiqlari ha`m ma`jbu`riyatlarin, sonday – aq puxaraliq qorg`aniw ku`shleri ha`m qurallarin belgileydi.

Adamnin` immunitet jetispewshiligi virusi menen keselleniwinin` aldin aliw haqqinda (1999 jil 19 avgust) – 13 stat`ya. Nizamda AIJS kelliginin` aldin aliw tarawindag`i ma`mleketlik ta`miyinlew, keselliktin` aldin aliw boyinsha jumislardi qarji menen ta`miyinlew, puxaralardin` ha`m ma`jbu`riyatlarina tiyisli ma`seleler ko`rsetilgen.

Gidrotexnika inshaatlarinin` qa`wipsizligi haqqinda (1999 jil 20 avgust) – 15 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti gidrotexnika inshaatlarin joybarlastiriw, quriw, paydalaniwg`a tapsiriw, olardan paydalaniw, olardi rekonstruktsiya qiliw, tiklew, konservatsiyalaw ha`m tamamlawda qa`wipsizlikti ta`miyinlew boyinsha iskerligin a`melge asiriwda ju`zege keletug`in mina`sibetlerdi ta`rtipke saliw bolip tabiladi.

Awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`aw haqqinda (2000 jil 31 avgust) – 28 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`awdi ta`miyinlew, o`simliklerdi qorg`aw qurallarinin` adam den sawlig`ina, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa ziyanli ta`sirinin` aldin aliw menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

Radiatsiyaliq qa`wipsizlik haqqinda (2000 jil 31 avgust) – 5 bo`lim ha`m 28 stat`yadan ibarat. Nizamnin` maqseti radiatsiyaliq qa`wipsizlikti, puxaralar o`miri, den sawlig`i ha`m mal – mu`lki, sonday – aq, qorshag`an ortaliqti ionlastiriwshi nurlaniwdin` ziyanli ta`sirinen qorg`awdi ta`miyinlew menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

Terrorizmge qarsi gu`res haqqinda (2000 jil 15 dekabr) – 6 bo`lim ha`m 31 statyadan ibarat. Usi nizamnin` maqseti terrorizmge qarsi gu`res tarawindag`i qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat. Nizamnin` tiykarg`i waziypalari shaxs, ja`miyet ha`m ma`mlekettin` suverenitetin ha`m aymaqliq pu`tinligin qorg`aw puxaralar tinishlig`i ha`m milliy tatiwliqti saqlawdan ibarat.

Qa`wipli islep shig`ariw obektlerinin` sanaat qa`wipsizligi haqqinda (2006 jil 28 sentyabr`) – 23 stat`ya. Nizamnin` maqseti qa`wipli islep shig`ariw obektlarinin` sanaat qa`wipsizligi tarawindag`i qa`tnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

O`zbekstan Respublikasi MK (1997 jil 27 dekabr`) №558-sanli qarari «O`zbekstan Respublikasinda ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olarda ha`reket etiwde ma`mleketlik dizimi haqqinda»g`i qarari menen biykar etilip bul qarar qaytadan 2011 jil 24 avgustta O`zbekstan Respublikasi MK №242-sanli «O`zbekstan Respublikasinda ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olarda

ha`reket etiwdin` ma`mleketlik dizimi jumislarin bunnan bilay jetilistiriw» haqqinda qarari menen toliqtirilip qayta shiqti.

O`zbekstan Respublikasi (2011 jil 19 iyul`) №208-sanli qarari «Xaliqti jer silkiniwler na`tiyjesinde payda boliw mu`mkin bolg`an ayriqsha jag`daylarda (ta`biiy ha`m texnogen) ha`reket etiwge u`yretiwdin` kompleks da`stu`rin tastiyiqlaw» haqqinda qarari tiykarinda barliq orinlarda ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiyadin` kompleks da`sturleri islenip shig`ilip, oqiw mashqulatlari alip barilmaqta.

*O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` qarari:*

Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shkisi ha`diyseleri menen baylanisli ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardin` aqibetlerin toqtatiw barisindag`i – ilajlar haqqinda (2007 jil 19 fevral, PQ – 585 – sanli). Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shki ha`diyseleri menen baylanisli jumislardi o`z waqtinda ha`m na`tiyjeli sho`lkemlestiriw, sonday – aq olardin` aqibetlerin tezlik penen toqtatiw maqsetinde qabil etilgen.

*O`zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin` qararlari:*

O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` jumisin sho`lkemlestiriw ma`seleleri haqqinda (1996 jil 11 aprel, 143 – sanli). Qararg`a «O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar haqqinda»g`i Nizam qosimsha etilgen. Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` tiykarg`i waziypalari, huqiqlari keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi haqqinda (1997 jil 23 dekabr, 558 - sanli). Qarar menen O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi (AJMS) haqqindag`i Nizam ha`m onin` du`zilisi tastiyiqlang`an, ministrlik ha`m idaralardin` xaliq ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw boyinsha funktsiyalari keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`awg`a tayarlaw ta`rtibi haqqinda (1998 jil 7 oktyabr 427 – sanli). Qarar ma`mleket xalqin ha`m aymaqlarin ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw

sistemasin rawajlandiriw maqsetinde qabil etilgen. Qararg`a qosimsha keltirilgen «Xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda tayarlaw ta`rtibi haqqinda»g`i Nizam O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda, sonday – aq ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiwge tayarliqtan o`tip atirg`an xaliq toparlarin tayarlawdin` tiykarg`i waziypalarin, tu`rleri ha`m usillarin belgileydi.

Ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylardin` sipatlamasi haqqinda (1998 jil 27 oktyabr, 455 – sanli). Qarar menen tastiyiqlang`an sipatlamag`a muwapiq ayriqsha jag`daylar ju`zege keliw sebeplerine ko`re texnogen, ta`biyiy ha`m ekologiyaliq qa`siyetli, usi jag`daylarda ziyan kergen adamlar sanina, materialliq ziyanlar mug`darina ha`m ko`lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha`m transsshegarali tu`rlerge bo`linedi.

O`zbekstan Respublikasinda adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`resti ku`sheytiw ilajlari haqqinda (1996 jil 18 yanvar, 32 – sanli). Adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`res ilajlarinin` na`tiyjeligin asiriw, sonday – aq xaliq jasaw orinlarinda iyt, pishiq ha`m basqa u`y haywanlarin ta`rtipke  saliw maqsetinde qabil etilgen.

G`alaba xaliqliq ilajlardi o`tkeriw qag`iydalarin tastiyiqlaw haqqinda (2003 jil 13 yanvar, 15 – sanli). O`zbekstan Respublikasi aymag`inda g`alaba xaliqliq ilajlar o`tkeriliwi waqtinda ja`ma`a`t qa`wipsizligin ta`miyinlew ha`m ta`rtibin qorg`aw maqsetinde qabil etilgen.

Ayriqsha jag`daylardi boljaw ha`m aldin aliw Ma`mleket da`stu`rin tastiyiqlaw haqqinda (2007 jil 3 aprel, 71 – sanli). Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m aqibetlerin saplastiriw tarawinda alip barilip atirg`an jumislar o`nimliligin asiriw maqsetinde qabil etilgen.

Joqarida ko`rsetilgen huqiqiy hu`jjetler tiykarinda oqiw protsessinde talabalarg`a "O`mir qa`wipsizligi" pa`ninin` barliq bag`darlari boyinsha ken` ma`niste tu`sinikler berildi.

## Juwmaqlaw

O`zbekstan Respublikasının` halıq aralıq ekonomikalıq baylanıslarının` g`a`rezsiz, sonın` menen birge ten` huqıqlı qatnasıwshısına aylanıwı ha`m bul baylanıslarda ma`mleket milliy ma`plerinin` ag`ızbay ju`zege shıg`ıwı g`a`rezsizlik na`tiyjesi bolıp tabıladı. "a`rezsizlik sebepli O`zbekstan ilgeri ulıwma awqam, miynet bo`listiriwi ju`zege keltirgen sırtqı ekonomikalıq g`a`rezlilikten azat boldı, sırtqı baylanıslardı o`z minnetlemelerine boysındırıw imkanına iye boldı.

Ma`mlekettin` eksport-importının` quramı tu`pten jan`alanıw jolına tu`sti: Sanaatta, awıl xojalıg`ında o`ndiristi quramlı jıljıwlar na`tiyjesinde ma`mleket ekonomikalıq qa`wipsizligin ta`miynlewge bag`darlang`an ekonomika ha`m infrastruktura qa`liplese bardı. İmporttın` ornın basıwshı tovarlar, en` aldın-ala tutınıw tovarları o`ndiriw jolg`a qoyıldı ha`m bul menen milliy o`ndiristi o`stiriw imkanı ashıldı.

Eksport quramı da jan`alandı. Ondag`ı shiyki-zat materiallar u`lesi kemeyip, tayar ha`m yarım tayar o`nimler eksportı u`lesi asıp bardı. İlgeri eksport quramında ulıwma bolmag`an jan`a o`nimler, avtomobiller, ximiya o`nimleri, xızmetler eksportı ju`zege keldi. Sırtqı ekonomikalıq xızmettin` ta`rtipke salıwshı nızamlar, normativ hu`jjetler jaratıldı, ba`rshe sırtqı ekonomikalıq baylanıslar rawajlanıwı ushın puxta jag`day jaratıldı. Sırtqı ekonomikalıq komplekske xızmet qılıwshı infrastruktura jaratıldı ha`m bul ha`zirgi ku`nde respublikamız ka`rxanalarının` eksport potentsialın jetilistiriw, du`nya ju`zi xojalıg`ında mu`na`sip orın iyelew ushın xızmet qılmaqta.

O`zbekstan o`z eksport siyasatında G`MDA ma`mleketleri menen sheklenbey, rawajlang`an uzaq shet el ma`mleketleri menen de birge islesiw baylanısların ornatıwg`a eristi. İlgerileri eksport potentsialı iri ma`mleket ka`rxanaları ha`m sho`lkemleri ko`binshe monopoliya payda etken bolsa, endilikte onın` diversifikatsiyası ju`z berdi. Kishi ka`rxanalar ha`m mikrofirmalardın` eksporttag`ı u`lesi artıp barıwı baqlanbaqta.

Ma`mleketimiz du`nya ju`zi kapital bazarına kirip bardı, na`tiyjede milliy

ekonomika rawajına qaratılg`an investitsiyalarda sırt el kapitalının` u`lesi artıp bardı. Sırt el kreditine tayang`an halda jan`a ka`rxanalar payda etildi, islep turg`an ka`rxanalar qayta qurıldı, olardın` jumıs bag`darı jetistirildi. Olarda jergilikli shiyki-zattı teren` qayta islew ha`m tayar o`nim shıg`arıw imkanı jaratıldı.

Shet el kapitalınan investitsiya jolında paydalanıw milliy investitsiyalardı tejew ha`m sonın` esabınan halıq tutınıwının` jalpı ishki o`nimdegi u`lesin asırıw imkaniyatı tuwıldı, biraq usı menen birge shet el kapitalınan paydalanıwda mashqalalar da payda boldı. Ayırım iri qospa ka`rxanalar importı eksportınan artıq bolıp, olarda valyuta tu`siminin` asıwı ornına sarpı ko`beyiwine alıp keldi.

Sırtqı bazarlarg`a shıg`ıwdag`ı mashqalalar sheshimi onı enrkinlestiriw menen tikkeley baylanıslı bolıp, ma`mleket ishindegi ekonomikalıq qatnasıqlardı erkinlestiriw menen birgelikte qaraw kerek. Bular tiykarınan:

l. Ekonomikanı erkinlestiriw ko`rsetkishleri ko`p bolıp, olardan tiykarg`ıları jeke mu`lk ha`m jeke sektordın` ekonomikadag`ı u`lesi, baha erkinligi, ba`seki imkanı, ka`rxanalardı menshiklestiriw da`rejesi ha`m usı sıyaqlılar bolıp tabıladı. Bizin`she, sırtqı ekonomikalıq xızmet erkinligi bul bajı sistemasının` liberallıg`ı, litsenziyalawdın` shekleniwi, sırtqı bazarlarg`a shıg`ıwdı basqarıwda administrativ metodlar minimumlasqan halda ekonomikalıq dereklerdin` prioritet bolıwı bolıp tabıladı.

2. Sırtqı bazarlarg`a shıg`ıwdı basqarıwda administrativ metodlardan ekonomikalıq metodlarg`a o`tiw talap qılınadı ha`m usı menen birge bul tarawda erkin ba`seki ortalıqtı qa`liplestiriw, korruptsiyanı sheklew imkanı jaratıladı.

3. Sırtqı ekonomikalıq xızmetti erkinlestiriw jolında bajıxana to`lewlerin, eksport ha`m import salıqların o`nimler boyınsha ja`ne de, sırtqı xızmet subektleri ushın qatan` ra`wishte klassqa ajıratıwdı talap etedi.

4. Ekonomikanın` erkinlesiwi bazar qatnasıwshıları ushın hesh bir sheklewlersiz bazar ekonomikası nızamları tiykarında barıwın bildiredi ha`m erkinlikler belgilengen ta`rtipler masshtabında ba`rshe sırtqı bazarlarg`a shıg`ıwda olardın` qatnasıwshıları ushın ten` imkaniyatlar jaratadı.

5. Du`nya ju`zi bazarında ju`zege kelgen tiykarg`ı tendentsiyalardı inabatqa

alg`an halda, bu`gingi ku`nde ka`rxanalardın` o`ndiris xızmetindegi rawajlanıw mashqalaları to`mendegilerden ibarat:

- Aldın-ala ishki bazardı sapalı ha`m arzan o`nimler menen toltırıw, o`ndiris na`tiyjeliligin arttırıw ornına o`nim o`zine tu`ser bahasın pa`seyttiriw. Sırtqı ekonomikalıq xızmetti ja`ne de erkinlestiriliwi aqıbetinde ju`zege keliwi mu`mkin bolg`an sırtqı ba`sekige tayar bolıw;
- Tarmaqlar ka`rxanalarında ishki investitsiya dereklerinin` qısqarıwı, shet elden keltirilgen u`skenelerge texnikalıq xızmet ko`rsetiw stantsiyalarının` jetispewshiligi, xızmetkerlerdi oqıtıw ha`m reklamag`a jeterli qarjı ajıratılmag`anlıg`ı, o`ndiristin` tola quwatta paydalanılmay atırg`anlıg`ı ja`ne de quramlı jaqtan sho`lkemlestiriliwinin` jetilispegenligi;
- Ma`mleket ko`leminde – salıq tarawında ayırım jen`illikler jaratılg`an bolsa da, import ornın basıwshı o`nimler o`ndiriwshilerdi xoshametlew boyınsha jeterli da`rejede sha`rt-sha`rayatlardın` jaratılmag`anlıg`ı, a`sirese, bul protsesstin` bank sisteması ja`rdeminde qollap-quwatlaw mexanizmin jeterli da`rejede islep shıg`ılmag`anlıg`ı.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar


1. l. Karimov İ.A. . Mustaqil Wzbekistonning davlat siosati insanıylik va ezgulik qonunlariga asoslanadi. // Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. - T.: „Wzbekiston" NMİU, 2011.g.
2. Karimov İ.A. Wzbekiston dunyo xaritasida wziga munosib joy oldi. // Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. — T.: „Wzbekiston" NMİU, 2011.

3. O`zbekstan Respublikası Konstitutsiyası. T. O`zbekstan 2003 jıl.-36 b.

4. İ.A. Karimov «Bizning bosh maqsadimiz – jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloh etishdir. – T. Wzbekiston, 2005 – 96 b.

5. İ.A. Karimov «Yangicha fikrlash va ishlash davr talabi. T-jild. – T. Wzbekiston, l997 – 384b.

6. İ.A. Karimov «Ozod va obod vatan, erkin va farovon haet – pirovard maqsadimiz. – T. Wzbekiston, 2000 y.

7. İ.A. Karimov «Vatan ravnaqi uchun har birimiz masulmiz» T. Wzbekiston, 2005 y.

8. Abdullaev E. «Statistika nazariyasi» T. Wqituvchi, 2002 y.

9. Bozor iqtisodieti nazariyasi va amalieti. T. Wqituvchi, 2000 y.

10. Bertil Ulin. Mejregionalnaya i mejdunarodnaya torgovlya. – M. Delo, 2004 g.

11. Bunkina M. K. «Dengi, banki, valyuta» M.` Nezavisimıy institut rossiyskogo predprinimatelstva. 1993 g.

12. Vahobov A. V. Uzbekiston Respublikasida xalqaro kafolatlarni qwllash masalalari. «Xalqaro iqtisodiy munosabatlarni rivojlantirishda soliq mexanizmi» Xalqaro ilmiy-amaliy konferentsiya materiallari. Soliq va bojxona organlari akademiyasi, Toshkent - 2002 yil.

13. İshmuxamedov A.E., Shibarshova L.İ., Sunnatov M.N. «Mirovaya ekonomikaga integratsiya» Maruzalar matni, T. 2003 y. TDİU

14. Kalyujnikova N.Ya., Konkurentosposobnost regionov v usloviyax globalizatsii., - M. TEİS, 2003 g.

15. Mejdunarodnıe ekonomicheskie otnosheniya. Uchebnik/Pod redakts. B.M. Smitienko, M.-İnfra, 2004 g.

16. Makroiqtisodiy statistika S.S. G`ulomov tahriri ostida. T. TDİU, 2000 y.

17. Predpriyatie na vneshnix rınkax. Vneshnetorgovoe delo. Pod red. S.İ. Delgova i İ.İ. Kremova M. BEK, l997 g.

18. Printsipı mejdunarodnıx kommercheskix dogovorov. M.Mejdunarodnıe otnosheniya, 2003 g.

19. Lindert «Jahon xwjaligi aloqalari iqtisodieti». M. 1996 y

20.Xasbulatov R. İ Shlixter S. B. «Jahon iqtisodieti» M. 1994 y

21. S. S. Gulyamov, Yu. T. Dodoboev «Mejdunarodnıe valyutno-kreditnıe i finansovıe otnosheniya» O`zbekstan` Fergana 2001 jıl.

22. Fedorov E.A., Savenkov V.A., Belotserkovskiy V.Sh. Organizatsiya vneshneekonomicheskiy deyatelnosti na predpriyatii. Tula, 1997 g.

23. Fomishin S.V. Mejdunarodnıe ekonomichsekie otnosheniya. Kurs lektsiy. M. Yurkniga, 2004 g.

24. Xvaley V.V., Funk Ya.İ. Kurs pravovıx osnov vneshneekonomicheskoy deyatelnosti. Minsk, Amalfeya, 2000 g.

25. Cherkasov V.E. Mejdunarodnıe investitsii. Ucheb.posob. 2-3 izd. pererabot. İ dop. M. Delo. 2003 g.